ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

№87 (21.245) ● 2008 гъэм накъыгъэм (майм) и 7, бзэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-ш ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

Коррупцэм ебэныныр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къыщІэзгъэпэщныр зи пщэрылъ къэрал Іуэхущ1апІэм техуэауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм коррупцэм щыпэщІэтыныжмкІэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 15-нэ статьям ипкъ иткІэ, **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэр коррупцэм ебэныныр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къыщІэзгъэпэщныр зи пщэрылъ къэрал Іуэхущ1апІэу къэлытэн.

2. Мы Указым кІары егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм накъыгъэм и 5-м
№50-УП

КЪБР-р ГЛОНАСС программэм хохьэ

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Промышленностымкі Іэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Дутов Андрейрэ Москва Іэ щытрадзащ хъэрш системэхэм, Іэмэпсымэхэм, технологиехэм зегъэужьыныжмрэ ахэр къэнъэсбэныныжмрэ я лъэныкъуэкІэ зэдэлажьэныр теухуа зэгурыІуэныгъэм. А зэгурыІуэныгъэм и мурадыр «Связьым и навигацэ системэ зыубгъуэр» (ГЛОНАСС) федеральнэ программэ хэхам Къэбэрдей-Балькъэрыр хэтэжьынымрэ зэдэлажьэныр.

ГЛОНАСС-м хыхьэ къэрал закъэхэр гъэзэщІэным республикІэм и промышленнэ комплексыр кІыхьэщэныжмкІэ Іэмал щыІэ зэрыхьуар и фІыщІэщ КЪБР-м и унафэщІхэр Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп1э кІуэдэ Иванов Сергей ильэс кІуам щыщІыщ. Къэралым и зыхъумэжныныгъэ промышленнэ комплексым нэхъапэм хуэлажьэу щыта республикІэ заводхэр къэгъэщІэрэщІэжьыным и Іуэхум щытепсэлъыхьам, зэрауасІлаУэ щыт зэгурыІуэныгъэм.

ЗэгурыІуэныгъэм къыщагъэлъагъуэ ГЛОНАСС-р и лъабжьэу координат-зэман технологиехэм зегъэужьыныжмкІэ икІи ахэр къэгъэсэбэныжмкІэ зэгъэсу дэжьыгъэ ирагъэкІуэкІыну, навигацэзэман, геодезие ІуэхугъуэхэмкІэ къызэрызагъэпэщ системэхэр и лъабжьэу КЪБР-м и информацэзэрауэтІ, нэгъэщІ системэхэр къызэгъэпэщын и лъэныкъуэкІэ проектхэр згъэзэщІэну. Лъэныкъуэхэм я мурадщ предприятэхэм, организацэхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм я информацэ инфраструктурэм зрагъэжьыну, навигационнэ космическэ, ядыжрей нэгъэщІ технологиехэри къагъэсэбэпын щхьэкІэ республикІэм и щІыналъэм Іуэхутхьебзэхэр щалэжьыну. Ресурсхэр, энергнер зэгъэзэхуэуэ къызэрызэпынныр къызэзыгъэпэщ технологиехэр, Іэмэпсымэхэр социальнэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Исаев Андрей.

«Ди делегацэм хэтахэм Урысейм и тельыджэу 7-зэпеуэм Іуащхьэмахуэ хэту къызэращІэу, абы и тельхьэу зэакъыпІэгъуэ Іэ яІэтащ. Дэ икъукІэ ди гуапэщ а бгы тельыджэр суперфиналым зэрыкІуар икІи дэри абы дыхэлыфІыхьэу къыт щыхьэужу догущІухэу. Къэбэрдей-Балькъэрым ис псоми а Іуэхуфы мкІэ дыхьэхьу. Дэ иджыри ди мурадщ Іуащхьэмахуэ папщІэ Іэ тІэтыну», - кьетх Исаев Андрей.

Къэрал Думэм хэтхэми Іуащхьэмахуэ даІыгъ

Республикэм къехъуэхъуу телеграммэхэр къагъэхьащ нэгъэущІ депутатхэми. Къапщтэмэ, УФ-м и Къэрал Думэм и вице-спикер Герасимовэ Надеждэ къытхащІ: «Іуащхьэмахуэ бгыр сфІэгъэщІэгъуэн зэрыхъуэм щыщыбмынэу, абы и тельхьэу Іэ сІэтащ. Сэ шэч кьытесхьэрыбым Іуащхьэмахуэ лъапІэ щыІэ дахагъэм хуэфащэ пщІэ Урысейм къыщымынэу абы и щыбкІи щиІэн зэрыхуейм».

Газетым зэрытетащи, Къэрал Думэм Іэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэкІуэкІа зэІуІщІэм хэта депутатхэм Іуащхьэмахуэ лъапІэ щыщІыныхьащ, Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ щыгум дэкІа нэужь, абыхэм жаІащ мы щыпІэр икъукІэ тельыджэ къаэзэрыщІыхьуар икІи ди Насып Іуащхьэм папщІэ Іэ яІэтащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

АБы ТЕУХУА телеграммэ КъБР-м и Президентым и Администрацэм къыхуигъэхьащ УФ-м и Къэрал Думэм Іэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Исаев Андрей.

«Ди делегацэм хэтахэм Урысейм и тельыджэу 7-зэпеуэм Іуащхьэмахуэ хэту къызэращІэу, абы и тельхьэу зэакъыпІэгъуэ Іэ яІэтащ. Дэ икъукІэ ди гуапэщ а бгы тельыджэр суперфиналым зэрыкІуар икІи дэри абы дыхэлыфІыхьэу къыт щыхьэужу догущІухэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми а Іуэхуфы мкІэ дыхьэхьу. Дэ иджыри ди мурадщ Іуащхьэмахуэ папщІэ Іэ тІэтыну», - кьетх Исаев Андрей.

Насып Іуащхьэр текІуэныгъэ къэзыхьыну блым яхэхуэну дыщогугъ

Насып Іуащхьэр дальгъыу Іэ зыІэта псоми дохьэхьэу! Фи гугъапІэр къывэхуІащ: Іуащхьэмахуэ суперфиналым нэсащ цыхьэ 248.771-м Іэ хуаІэтэр;

ФИНАЛЫМ кІуащ щыхэр:
Ингушым щыІэ «Вовнушкин» быдапІэр (166.742-рэ);
Волгоград щыІэ Хэку-Анэ фэепльыр (147.655-рэ);
Тобольск Кремлыр (147.655-рэ);
Краснэрск крайм щыІэ «Пкъохэр» щыуэпс заповедникыр (141.320-рэ);
Байкал гуэлыр (139.584-рэ);
Поволжьем щыІэ Кунгуэ мыл бгъуэнщІагъыр (130.456-рэ);
Кирилл-Белозерскэ къулшырыфыр (128.735-рэ);
Новосибирск зоопаркыр (131.625-рэ);
Блаженный Василий и Соборыр (126.343-рэ);
Нижегородскэ Кремлыр (123.267-рэ);
«Столбы выветривания» щІыуэпс фэепльыр (121.358-рэ);
Камчаткэ щыІэ псы хуабэ къыщІэжьІэ ауэыр (120.835-рэ);
Петергофыр (120.604-рэ).

Финалым кІуахэм я ныкъуэрщ «Урысейм и тельыджэ» щІэр зэрихьэну хуитныгъэ зыгъэзэтыныр.

ТекІуахэр увыпІэкІэрэ ягъуэшынукъым, тельыджиблми яхуэфащэ пщІэ ягъуэтынущ. Апхуэдэ щыкІэкІэ, Іуащхьэмахуэ аргуэру зэпеуэм хохьэ зи насыпыр къикІыну блым яхэхуэну хэрщ, «Маяк радиом и программэмкІэ щыІэ Іуащхьэмахуэ щхьэкІэ Іэ яІэтыну кьыхуодожэ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, адрей ди гъунэгъу щыналъхэм щыдиІэ ди ныбжьэгъухэр, нэгъуэщІ къэрал гъунэгъухэм, жьжьхэм щыпІсэу ди хэкуэгъэхэр. Ди республикэр щІэращІэщ, ди щыхухэр зэуэзэжщ, Іуащхьэмахуэ хуэпэжхэщ! Ар дэ ди нэгу аргуэру щІэкІащ, урысейпсо зэпеуэм жьыдэгъу зыкъыщагъэльагъэрэ. Насып Іуащхьэм дэ дыщІэзэкьунгъэуващ текІуэныгъэм дыхуэзышэ гъуэгум.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Къэрал Думэм хэтхэми Іуащхьэмахуэ даІыгъ

Республикэм къехъуэхъуу телеграммэхэр къагъэхьащ нэгъэущІ депутатхэми. Къапщтэмэ, УФ-м и Къэрал Думэм и вице-спикер Герасимовэ Надеждэ къытхащІ: «Іуащхьэмахуэ бгыр сфІэгъэщІэгъуэн зэрыхъуэм щыщыбмынэу, абы и тельхьэу Іэ сІэтащ. Сэ шэч кьытесхьэрыбым Іуащхьэмахуэ лъапІэ щыІэ дахагъэм хуэфащэ пщІэ Урысейм къыщымынэу абы и щыбкІи щиІэн зэрыхуейм».

Газетым зэрытетащи, Къэрал Думэм Іэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэкІуэкІа зэІуІщІэм хэта депутатхэм Іуащхьэмахуэ лъапІэ щыщІыныхьащ, Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ щыгум дэкІа нэужь, абыхэм жаІащ мы щыпІэр икъукІэ тельыджэ къаэзэрыщІыхьуар икІи ди Насып Іуащхьэм папщІэ Іэ яІэтащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Псоми ди зэхуэдэ гуфІэгъуэ

Дзэлыкъуэ районым ТекІуэныгъэм и махуэр гъэлъэпІэным нобэ щыщІадзащ.

КУЕЙ администрацэм и унафэкІэ Дзэлыкъуэкъуажэр кьыхэзыпхъуэ ильэси 100 зэрырикъуам и цІэр зезыхьэ тучыкуэкъэм районпсо автопробег щекІуэкІащ. Ар зэфІэкІа нэужь, ветеранхэр, а лъэхъэнэм фронтым хуэлажьэхьэр, зи щхьэгъусэ зэуэм хэкІуэда фызабэхэр, куейм лъэкъыгъэфІкІэ зыгъэбжьыфІа нэхъыжьхэр хэту пэкІу екІуэкІащ. Абыхэм псалъэ гуапэкІэ зыкъыхуагъэзащ район унафэщІхэм, саугъэтхэри ираташ. ПэкІум хэтхэр ирагъэплъащ махуэшхуэ концерт.

Дзэлыкъуэ щыІналъэм хьэхъэ жылагъуэхэм накъыгъэм и 8, 9 махуэхэм пэкІуэхэр щекІуэкІынущ, зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьэнущ, куейм и спортсменхэм я зэфІэкІ ягъэлъагъуэнущ. Сэрмакъ кьуажэм ТекІуэныгъэм и махуэм къуажэдэс лъжьакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ хэту Лениным и цІэр зезыхьэ узрам нэхъыщІэм ирикІуэнущ бэракъхэмрэ плакат гъэщІэрэщІахэмрэ яІыгъыу.

ЛЪОСТЭН Музэ.



ТекІуэныгъэм и дамыгъэ

ТекІуэныгъэ Іныр ильэс 63-рэ зэрыхъуэм хэхуэрэ Іуэху дахэ куэд мы махуэхэм щокІуэкІ ди республикэм. Абыхэм я щыщщ Налшык къащІэзгъэрагъэпэщ «Георгиевскэ лентІ» акцэр. Цыгъуасэ льапІэзэрэ къалащхьэм и щІалэгъуалэ гуп щхьэхуэхэм ахэр Налшык и узрамхэм щагуэш.

МАХУИПЛІЫМ къыриубыдэу апхуэдэ лентІ мини 6-м нэс иратынущ къалдэсхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ. Щэкі бгъуэ кусэ цыкІур фІыцІэрэ гъуэжь-плъыжьыфэу зэхэтщ. Ахэр Іугъуэмрэ мафІэмрэ, зауэ губгъуэм ит зауэлІым хэль лІыгъэм я дамыгъэу ябжу щытащ. «ТекІуэныгъэ Иныр кьыгтхуэзыкьахэм - щІыкІэ, фІыщІэ, щхьэщІ!» - аращ иджы Георгиевскэ лентІым и нэщэнэ нэхъыщхьэр.

Яп1э дыдэ апхуэдэ дамыгъэ льапІэхэр ди къэралым и къалэхэм, кьуажэхэм щагуэшы щыщІадзэр 2005 гъэм и гъатхэращ - ТекІуэныгъэ Іныр ильэс 60 щрикъуи ирикъэлІэу. Абы льандэрэ блэкІа ильэсищым кьуажэ щІыналъэ лентІыр нэсащ хамэ къэрал куэдым. Апхуэдэу Георгиевскэ лентІыр иджы щагуэш США-м, Великобританием, Италием, Китайм, ЮАР-м, нэгъуэщІ щІыналъэхэми. Псори зэхэту цІыхухэм хуагуэшащ лентІ мелуан 20-м щІигъу.

КУБАДИЕВЭ Нуржан,
Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1анІэм и лэжьакІуэ.

Нэхъыжьхэр ягъэлъапІэ

Джылахьстэнфем зауэм хэта ветерану 34-рэ зи щхьэгъусэ зауэм хэкІуэда фызабэгу 19-рэ исщи, къэралым щагъэлъапІэ зы махуэшхуи къанэркъым абыхэм яхуэфащэ пщІэрэ щІыхькІэ я цІэр ирамыІуэу.

ТЭРЧ район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ КІэрэф Мурадин къызэрыджалІамкІэ, Майм и 9-м нэхъыжьхэр администрацэм и унэм ирагъэблагъэнущ, саугъэт льапІэхэри ираты нущ, хуагъэувынущ ерыскъы Іэнэ. Ветеранхэр ирагъэплъынущ концерт. Абы къримыкьэлІэфхэм я унэ районым администрацэм и лІыкІуэхэр кІуэнурэ екъуэхъунущ. А махуэм Тэрч къалэ и зыгъэпсэхупІэ паркым щекІуэкІынущ ТекІуэныгъэм и махуэ пэкІущхьэр. Апхуэдэ пэкІуэхэр Джылахьстэнфем и жылагъуэ псомэ щызэхэтынущ. ПэкІу нэужьым ирагъэкІуэкІынущ спорт зэхьэзэхуэхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Щыналъэхэм я Іэтащхьэхэр ягъэув

Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и советхэм я сессиехэр екІуэкІащ. Абыхэм я лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. Депутатхэм эзакъылэгъуэ унафэ къаущащ Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэу Пархомёнкэ Юлие, Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэу Гертер Иван гъэувыным теуХуаУэ.

Республикэм и Іэтащхьэр къулыкъуэр зратахэм и гуапэу екъуэхъуащ икІи ахэр зи унафэщІу щытыну щІыналъэхэм щыпсэурэ я щхьэхэр дяпэкІэ нэхъ дэкІыну зэрыщІыгъыр ижІащ.

Хьэмгъуокъу Леонид токІуэ

«УРЫСЕЙ Федерацэм щІыпІэ самоуправленэ къыщІэзгъэпэщныжмкІэ псоми яхуэгъэзэа хабзэхэм я Іэуэхуі» Федеральнэ законым кьыщІэзгъэувым тету екІуэкІащ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьулыкъуэм увынур кьыхэзыхьэм теухуа зэпеуэр. Абы къарикІуахэм ящхь иткІэ текІуэныгъэ кьалъытащ щІэуэ хахьэжка советым и депутатхэм я апэ сессием кьалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщІэну зи пщэ щыдальхьауэу щыта Хьэмгъуокъу Леонид.

Зэпеуэр егъэкІуэкІыжмкІэ комиссэм хэтхэм я Іыхьэ щанитІыр Налшык къалэ округым и щІыпІэ самоуправленэм и Советым и унафэкІэ, адрей зы Іыхьэ щанэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен кьыхэзрихьхьам ипкъ иткІэ хагъэхьащ икІи комиссэм хэтэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэкі Іэ щащтащ. Комиссэм и унафэщу ягъэуващ КъБР-м и Парламентым и депутат Джэш ФатІимэ.

Зэпеуэм хэтын папщІэ эныхуэфащэ документхэр кьатащ иІкІи конкурсым хагъэхьэ хьуну кьалытащ кандидатитІ: Хьэмгъуокъу Леонидрэ къалэ Советым и депутат, «Юг продукт» холдинг групп концерн акционер обществэ зэхуэщІам и директорхэм я советым и унафэщІым и кьуэдзэ Іэщын Сергейрэ.

Джэш ФатІимэ кьыхэзрихьгъэщамкІэ, кандидатитІми жаІахэм едэІуауэ, я мурадрэмкІэ еупщащ. УпщІэхэр теухуауэ щытащ цІыхухэр лэжьапІэкІэ кьызэзгъэпэщным, жылагъуэ транспортым зэгъэужьыным, Унагъуэм и ильэсыр егъэкІуэкІыным, нэхъ хуэмыщІакъэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэща зэрыхъуным. А псоми къадэкІуэу комиссэм хэтхэм кьыхагъэщІыжащ Хьэмгъуокъу Леонид кьалэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зэрыгъэзэщІэ нужьрей илъэсрэ ныкъуэм къуриубыдэу Налшык нэхъ зэІуэпэщ, нэхъ кьабзэ зэрыхъуар. КъБР-р Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным зыщыхуагъэхьэзыр льхъэхэмэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьалэм и щІыналъэ ирагъэува кьалэнхэр нэсу гъэзэщІа зэрыхъужамкІэ фІыщІэ бгъэдэлъыр лэжьыгъэм пэрыта Хьэмгъуокъу Леонид. Абы хуэзэфІэкІащ кьалэ администрацэм и унафэм щІэт Іуэхущ1апІэ псоми я лэжьыгъэр тэмэму зэтригъэувэн. А псори кьалъытэри, конкурс комиссэм хэтхэм зэаекьыпІэгъуу унафэ ящІащ Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и кьулыкъуэм агъэувыпІащ Хьэмгъуокъу Леонидрэ и кандидатурэр кьалэм и щІыпІэ самоуправленэм и Советым и сессием кьыщІахьхьэну.

● Щіэблэ

ЩІалэгъуалэр зэдолажьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щІалэгъуалэ Іуэхуэмрэ щІыхьыбэ организацэхэмкІэ и Комитетым Тырныауз къалэм щиритъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІалэгъуалэ гуащІэфІэхэм я гуп къыщыІэзгъэпэщным ехьэлІа зэІуІщІэ.

МЫПХУЭДЭ зэІущІэхэр республикэм и куей псоми щекІуэкІынущ. Абыхэм Комитетым и лэжьакІуэхэм Іэмал яритынущ районхэм щызэхэт щІалэгъуалэ зэгугъэныбжьхэм я Іуэху зэхэзгІэм зыщагъэгъуэзэну, дерс кьызэхэсыжьхэм псалъэ щІагъэдэну. Іуащхьэмахуэ куейм щызэхэта зэІуІщІэр «ЩІэблэ зэушэн» - лъэпкъ узынщІэ, «�щІалэгъуалэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщын», «21-нэ ліэщІыгъуэм и тепщэ», «Дыкъэзыуухъуреихь дунейр хъумэн», нэгъэщІ Іуэхугъуэхэми тепсэлъыхьащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Щыналъэхэм я Іэтащхьэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэрал Думэм и Унафэщ1ым и Унафэ

Къэрал Думэм и Унафэщ1ым и Унафэ

**Къэрал Думэм и Унафэщ1ым и Унафэ

«ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ щIыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ Фондым и Iуэхуки» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къаща Федеральнэ закон №185-ФЗ-р щыIэ-закъуэ ухуэнгьгъуэ щыт псэупIэ кхъахэ хъуар зэгъэпэщыжыным (е) цIыхуэхэр щIэгъэпэхъуэкIыным ахъшэ хуэутыпщын Iуэхум техь щыIн зэрыхуитыр теуцуэ ауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и Унафэщ Миронов С.М., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщ Грызлов Б.В., Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Зубков В.А. сымэ Зэрызэхуигъазэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещI:

1. «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ щIыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ Фондым и Iуэхуки» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къаща Федеральнэ закон №185-ФЗ-р щыIэ-закъуэ ухуэнгьгъуэ щыт псэупIэ кхъахэ хъуар зэгъэпэщыжыным (е) цIыхуэхэр щIэгъэпэхъуэкIыным ахъшэ хуэутыпщын Iуэхум техь щыIн зэрыхуитыр теуцуэ ауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и Унафэщ Миронов С.М., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщ Грызлов Б.В., Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Зубков В.А. сымэ Зэрызэхуигъазэм хуэхъуэ:

2. Мы Унафэмрэ а Зэрызэхуигъазэмрэ яхуеГъэхьын Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и Унафэщ Миронов С.М., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщ Грызлов Б.В., Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Зубков В.А. сымэ Зэрызэхуигъазэм теухуауэ

3. Урысей Федерацэм и Субъектхэм я Къэрал власт органхэр хьыдэзыгъэкI (я лIыкIуэ) органхэм ельэIун а Зэрызэхуигъазэр хьадыгъэ.

4. Мы Унафэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъынымкIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ и комитетым.

5. Мы Унафэмрэ Зэрызэхуигъазэмрэ газетхэм хьытрегъадэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм мазыжьыхьым и 24-м
№14417-П-П

«ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ щIыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ Фондым и Iуэхуки» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къаща Федеральнэ закон №185-ФЗ-р щыIэ-закъуэ ухуэнгьгъуэ щыт псэупIэ кхъахэ хъуар зэгъэпэщыжыным е цIыхуэхэр щIэгъэпэхъуэкIыным ахъшэ хуэутыпщын Iуэхум и Къэрал власт органхэм я Зэрыпхыгъэ Унафэ щыIн зэрыхуитыр теуцуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и Унафэщ Миронов С.М., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщ Грызлов Б.В., Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Зубков В.А. сымэ

Зэрызэхуигъазэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм къагъэлъагъуэ «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ щIыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ Фондым и Iуэхуки» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къаща Федеральнэ закон №185-ФЗ-р, «УщыпсэуфмыкIуэу къалъыта псэупIэ фондым е жьы дыдэ хъуа псэупIэ фондым цIыхуэхэр щIэгъэпэхъуэкIыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм трагъэкIуэдэн щхьэкIэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм федеральнэ бюджетым щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ Фондым и Iуэхуки» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м ищIа У нафэ №344-р къызэрагъэпэщащ социальнэ кьалэн гугъу дыдэм унафэ тещIыкIын и лъэныкъуэкIэ къэралым лъэхъэнщIэм зэрыщыщIидзар.

Абы къыдэкIуэуи а Законыр гъэзэщIэн щхьэкIэ Iуэхугъуэхэр щыз эхалъхьэм, Урысей Федерацэм и субъектхэм зэмызэгъэныгъэ зыбжанэ Iупщ къыщыхъуащ, абыхэм унафэ ятемыщIыхьамэ, цIыхуэхэм я мыарзэныгъэ къиШэну, апхуэдэуи щIыпIэ яластхэмрэ щIыхуэхэмрэ яку дэпх зэхущытыкIэхэм социальнэ ткIиягъ къыщигъэхьуну.

Къащта Федеральнэ законым ипкъ иткIэ кхъахэ хъуа псэупIэм щIэгъэпэхъуэкIыным икIи ар тэмэму зэгъэпэщыжыным зыхуэгъэзар нэхъапэкIэ къэрал, муниципальнымкIыгъущта, иужькIэ приватизацэ ящIа фэтэр куэд хъу унэхэм щыпсэу цIыхуэхэрщ. Фэтэр куэд хъу унэм щыпсэм фэтэрыр, щхьэзакъуэ зэчим хуэдэу, иджы щхьэзакъуэ мыцIыкъ хъуащ. Ауэ мы зэманым къэрал дэIэпыкъуныгъэ зратыр фэтэр куэд зыхэт унэхэм щыпсэхэрщ. Абы щыгъуэми цIыхуэхэм, социальнэ къыхьащIыжыщIмэ, щхьэзакъуэ унэ кхъахэ хъуахэм щыпсэхэм , ахъшэ яIэкъым кхъахэ хъуа унэхэм я пIэкIэ псэупIэ къащэхун, ущыпсэу мыхъужыну зэмэму иризэрагъэпэщыжыкIи щхьэкIэ.

Урысей Федерацэм и Конституцэм и 7-нэ статьям и 1-нэ пунктым ипкъ иткIэ, Урысей Федерацэр ар социальнэ къэралщ, цIыхуэм зыхуфащэ псэупIэ иIэныр, абы хуиту зиужьынымкIэ зыхьзэгъэпэщ щытыкIэхэр щIэнымк ущынэхуэнэтIа политикэ иригъэкIуэкIыу. 19-нэ статьям и 1-нэ пунктым ипкъ иткIэ законымрэ судымрэ я пащхьэ псори щызэхуэдэщ.

Къэралым и закон Нэхъыщхьэм къыщыхъа Iуэхугъуэхэр къыззэпыуда мэхъу «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ щIыным дэIэпыкъуэгъу фондым и Iуэхуки» Федеральнэ законым и пащхьэхамкIэ, «Уущыпсэу мыхъуну къалъыта псэупIэ фондым е жьы дыдэ хъуа псэупIэ фондым цIыхуэхэр щIэгъэпэхъуэкIыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм трагъэкIуэдэн щхьэкIэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм федеральнэ бюджетым щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ Фондым и Iуэхуки» Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэмкъ.

Урысей Федерацэм и Конституцэм къыззэпыудыныр щхьэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Махуэ Владимир щхьэкIэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Зубков В.А. сымэ Зэрызэхуигъазэм теухуауэ

«Тэрчналмэсым» - налкъутналмэсхэр, «Волжанин-КъБР-м» - автобусхэр

Промышленностым и IэнатIэ зэрыпыкIуэ хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщIегъэужьынымк теухуауэ яубзыхуэ Iуэхухэм ыкIи къэсищ щIыпIэ зэфIагъэкIынымк мурад зыхуэщIа инвестицэ программэ 35-м щыщу 19-р гъэзэщIа хъуащ. Абы щыгъуэми ар 356,8-рэ текIуадэу. КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэ мэлыжьыхьым и 24-м зэхэтам ар щыжиIащ республикэм промышленностымкIэ, гъэсыныгъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэлгаты Борис.

КъАПЩТЭМЭ, вольт лъагэ аппаратурэ къыщIэзыгъэкI Налшык заводым куэду щагъэ хъэзыру щIадзащ «Урысей гъущ гъуэгухэр» ОАО-м папщIэ ВБО-25, вакуум технологиер къыщагъэсэбэн выключательщIэхэр. «Гидрометаллург» заводым щызэфIагъэкIащ поливинилацетатнэ дисперсие, ПВА клей къыщIэзыгъэкIыну цехыр ухэн, мы зэманым йокIуэкI продукцэр сертификацэ щыIнымкIэ дэжьыгъэхэр. Полуупроводник Iэмэпсымэхэр къыщIэзыгъэкI Прохладнэ заводым щIэуэ зыгуэрхэр къыщIэкIыу щIидзащ, автомобиль промышленностым щхьэкIэ пкъыгъуэхэр гъэхэзырыным и технологиер щIагъэфIэкIауащ.

«Тэрчналмэс» заводым лажьэу щаутыпщащ мывэ лъапIэхэр щагъэджафэ Iэнатl. Апхуэдэ ювелир хьэпшыпгуп гъэнэхуныгъэ щыкIэу мыбы щагъэхьэзырауэ щыт гащ хэ кIуам. Нобэ ар зыхуей хуэзэу лэжьыгъэр щыгъэтубла Iэнатlэщ, тэрчдэхэм ювелир хьэпшыпхэр ящэ хъуащ.

«Автозапчасть» Бахъсэн заводым къыщIигъэкIыу щIидзащ жыр мыулыйм кьыхэшIыкIа, автомобилым газ къызэрыриху бжьамий лIэужьыгъуэщ.

Къармэхьэблэ, Къамылыкъуэ, Дзэлыкъуэдэс къуажэхэм кьыщыщIэуахащ щыхьн, трикотаж хьэпшыпхэр щад цеххэр, Прохладнэ унэтlыщIэ фабрикэм Таганрог дэт «Тамек» компаниим и ГъусэУ унэтlащIэ лIэужьыгъуэщIэхэр къыщIегъэкI.

«УФ-м и ОПК-м 2007 - 2010 гъэхэм икIи 2015 гъэм нэсыу зегъэужьынымкIэ федеральнэ программэм хэт «Телемеханикэр» щIэрыщIэу зэтрагъэпэсыхьыж. Мы зэманым предприятэм щагъэхь радиоэлектроннэ Iэмэпсымэхэр зэрызэпхрагъэхьунэр.

Дыз эрыщыгъуаэзщи, «Волжанин-КъБР» заводри лажьэу яутIыпщащ, зэращIлIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ Мосгортрансым абы и деж автобусищэ щищэхунущ.

Проектхэр гъэзэщIэным Iэмал кьитащ а предприятэхэр технологие нэхъ лъагэм тету гъэжьэным хуэгъэкIуэну, продукцэ лIэужьыгъуэщIэхэр кьыщIэгъэкIынымк нужь ихьэну, лэжьыгъэ Iэнатlэм зрагъэубгъну, цIыху 315-рэ лэжьыгъэкIэ кьыззэрагъэпэщIу.

«УФ-м и ОПК-м 2007 - 2010 гъэхэм ыкIи 2015 гъэм нэсыу зегъэужьынымкIэ федеральнэ программэм хэт «Телемеханикэр» щIэрыщIэу зэтрагъэпэсыхьыжыр, ар зэманым ирагъэкIуэну, ар мурадхэри нэхъыбжщ. Унэ зэтет щIантIэхэм сабий джэгупIэхэр дащIыхьащ. Ныкъуэныгъэ зиIэ ящащхэхэр зэрахъуэкIынущ, Щоджэнщ!ыкIу Алий и щIэр зезыхъэ зэрамым тет унэ нэхъ фейдэ хуэмыту зэрыщIэхэр. ПщIантIэхэм уэздыгъэ щыфIадзэнущ.

Дыхуейт ми ди тхыгъэм иджыри зы цIыхуэ цIыкIу кьыхэдгъэщIну. Ар мастеру ди участкэм щыIэ Джаго Галящ. Ар цIыху гуапэщ, щабэщ. Сыт щыгъуэ кьыдэдэIпыкъуну хьэзырщ. Абы и кьалэнщ лифтыр зыгъэзыжьажьэм, лъхъанкIэ ящIэлъпIыну. ГуфIэуэ гукъеуэ яIэмэ, макIуэри йопIъ, хуэзфIэкIыр яхуещIэ. Мы кьалэм зы пщIантIэ кьабзэу щыIэмэ, ар дыдейрауэ къытщохъу Галя и фыгъэкIэ.

Редакцэм къыIэрыхьа тхыгъэм уэзщIэ 20-м щIигъу щIэтщ.

КIэфышIэ Лиз.

2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыиу щыт къэрал экзаменхэр щIегъэкIуэкIыным и Iуэхуки

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм мазыжьыхьым и 29-м ***№86-ПП***

«Егъэджэныгъэм и Iуэхуки» Федеральнэ законым, «Профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэмрэ зыз нэужь профессиональнэ щIэныгъэмрэ я Iуэхуки» Федеральнэ законым зыиу щыт къэрал экзаменхэр егъэкIуэкIыным хуэгъэзащIэ зэрызэхуигъазэр хэтлъхьэн теухуауэ» 2007 гъэм мазаем и 2-м къащта Федеральнэ закон №17-ФЗ-м, «2007/2008 гъэ егъэджэуэн курыт (нэгъэса) общэ щIэныгъэм зэрыхуагъэадж программэхэр зэзыгъэщIа еджакIуэхэм я къэрал (кIэуэ) аттестацэ зэрыригъэкIуэкI ыкIи хабзэмрэ я Iуэрыуэныгъэм, 2008 гъэм зыиу щыт къэрал экзаменхэр егъэкIуэкIынымкIэ Положенэр къщэтэнымрэ я Iуэхуки» Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм 2008 гъэм мазаем и 5-м къыдигъкIа приказ №936-м, «Курыт егъэджэн хэм щадж предметхэм яцIыпу 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыиу щыт къэрал экзаменхэр къызэрыщIыхьнымкIэ и спискэр къэщтэнымрэ и Iуэхуки» Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъум 2008 гъэм щIышыпхэм и 21-м къыдигъэкIа приказ №138-м тету икIи зыиу щыт къэрал экзаменхэр къызэрыщIыхьнымрэ егъэфIэкIуэн, абыхэм ящыкIуахэм я пэжагъэр къэIэтын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIегъэкIуэкIын курыт егъэкIуэкIэ я 11-нэ классхэр къызэрыхэм я къэрал (кIэуэ) аттестацэмрэ профессиональнэ егъэкIуэкIэ нэхъыщхьэм, курыт профессиональнэ егъэкIуэкIэ щыщIагъэтIысхьэкIэ ирагъэкIуэкI гъэунэхуныгъэхэмрэ зэщIыгъуэ зэфIэзыгъэзэкI зыиу щыт къэрал экзаменхэр.

2. 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыиу щыт къэрал экзаменхэм защыхуэгъэхьэзырыныр зэрыщIыхьнымрэ ахэр щегъэкIуэкIынымрэ текIуадэну зехъэнымрэ я Iуэхуки» Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъым 2008 гъэм щIышыпхэм и 21-м къыдигъэкIа приказ №138-м хиубыдэ предметхэмкIэ 11-нэ классэр къызыхэкIи я къэрал (кIэуэ) аттестацэр 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI зыиу щыт къэрал экзаменхэм я тепльэр щIыпIэу ирагъэкIуэну зэрыщIыхьнымрэ ахэр щегъэкIуэкIынымрэ.

3. «Курыт егъэджэн хэм щадж предметхэм яцIыпу 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыиу щыт къэрал экзаменхэр къызэрыщIыхьнымрэ я спискэр къэщтэнымрэ и Iуэхуки» Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъым 2008 гъэм щIышыпхэм и 21-м къыдигъэкIа приказ №138-м хиубыдэ предметхэмкIэ 11-нэ классэр къызыхэкIи я къэрал (кIэуэ) аттестацэр 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI зыиу щыт къэрал экзаменхэм я тепльэр ирагъэкIуэну зэрыщIыхьнымрэ ахэр щегъэкIуэкIынымрэ.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм (ЩхьэгъэпсО С.М.) хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыиу щыт къэрал экзаменхэм зыщыхуэгъэхьэзырыныр ахэр егъэкIуэкIынымкIэ Экзаменкомкъ я къэрал комиссэм зыщIигъэкъуэну;

а Iэнэрыгъыгъэхэр зэрекIуэкIам тэхуэ отчетхэр Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм фокIадзэм и 1-м нэсыу яритыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэрэ я къэрал округхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, профессиональнэ курыт егъэкIэ, профессиональнэ егъэкIэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щылажьэхэм я унафэщIхэм чэнджэщ етын зыиу щыт къэрал экзаменхэр егъэкIуэкIынымрэ яубзыхуэ Iуэхуэр зэрыщIэныгъэхэр къызэрагъэпэщыну.

6. Къэрал кIэуэ! IуэхуэхэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм (Томчак Ю.И.) чэнджэщ етын зыиу щыт къэрал экзаменхэр щрагъэкIуэкI лъэхъэнэм къыриубыдэу абыхэм хэтынухэм я щыгъуэншагъэр къыззэригъэпэщыну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и министерствэм (Тут З.Н.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыиу щыт къэрал экзаменхэм зэрызыщыхуэгъэхьэзырыныр зэрыщрагъэкIуэкIынымрэ щIыхуб хъыбарегъащIэ Iуэхущ!апIэхэм къыщыгъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансэмкIэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыиу щыт къэрал экзаменхэм защыхуэгъэхьэзырыныр ахэр егъэкIуэкIынымрэ текIуадэну ахъшэм и сметэм тету финансэр 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Егъэджэныгъэ» Iыхьэм щыхуагъэхьэзырыну дэтхэмэм сом мини 100 иратыну.

9. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пащхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дышэкъ М.Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ ЧЕЧЕНОВ Ануар

2008 гъэм «Егъэджэныгъэ» Iыхьэкъ проект пэрытым хуиубыдэу егъэджакIуэ нэхъыфIэхэр ахъшэкIэ гъэпэжаныр теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм мазыжьыхьым и 29-м ***№87-ПП***

«2008-2009 гъэхэм егъэджакIуэ нэхъыфIэхэр зэрагъэпэжа ахъшэр тыным и Iуэхуки» 2008 гъэм гъатхэпэм и 17-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта Унафэ №174-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэзытын 2008 гъэм:

федеральнэ бюджетыр зэрыгагуащэ бюджет тхыгъэ нэхъыщхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым хуэхах субвенцэхэм я къэбзэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфIу зэпеуэкIэ кьыхаха 86-м (кьалэ егъэджакIуэ 35-м, кьуажэ егъэджакIуэ 51-м) къэрал дэIэпыкъуныгъэ зэратыжам сом мини 10 иратыну;

федеральнэ бюджетым и къэкIэкIэ егъэпэжэ егъэджакIуэхэм рейтингкIэ къакIэлъыкIэ егъэджакIуэ 10-м (кьалэ егъэджакIуэ 5-м, кьуажэ егъэджакIуэ 5-м) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу мы Iуэхум халъхь ахъшэм и къэкIэкIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ дэтхэмэм сом мини 100 иратыну.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфIэхэр ягъэпэжэн папщIэ федеральнэ бюджетым къиутIыпщ субсидиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансэмкIэ и министерствэм къыИуихьан хуейуэ гъэувын.

3. Федеральнэ бюджетым къиутIыпщ субсидиехэр къыхэгъэщIэн хуэхъунымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ ахъшэ зыIэрыхьэ Iэнатlэм Федеральнэ казначействэм и щыгъэнэфагъэ органхэм къызэрыуихьа счетхэм.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансэмкIэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын:

егъэджакIуэ нэхъыфIэхэр гъэпэжэным трагъэкIуэдэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къуэдзэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм хуигъэхьэну;

егъэджакIуэ нэхъыфIэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ иратын папщIэ 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Егъэджэныгъэ» Iыхьэм «Курыт егъэджэн Iэ» и Iыхьэ къуэдзэм щыщ дыдэм ящIэнущ. Мы мурадым теуцуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм хуигъэхьэну;

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм (ЩхьэгъэпсО С.М.) Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дышэкъ М.Р. ирагъэкIуэн хуэмыту Унафэ №143-ПП-м.

7. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пащхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дышэкъ М.Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ «Зыиу щыт Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ!апIэм Налшык къалэ щыIэ къудамэм.

Узыхуеджэр Iэщ!агъэ пхуэхъун папщIэ

АР ТЕУХУАУЭ щыIэ республикэм и экономикэм зезыгъэужьыну дызыщIугъэ ныбжьыщIэхэр Iэщ!агъэ зэмылIужьыгъуэхэм хуегъэджэн зэрыхуейм.

Кьалэм дэт щколхэм я 8-10-нэ классхэм щIэсхэр щIэзэхуэса зэIущIэр кьызэIуихащ партым и Налшык кьалэ къудамэм и Iэтащхьэ Ахьей Фаинэ.

Абы кьыхэгъащIэ юристхэр, экономистхэр куэду дыззэриIэм, а Iэщ!агъэхэм хуеджэ я куэдым Iэнатlэ зэрамыгъэтым ныбжьыщIэхэм гу льатэну и чэзу зэрыхьуар.

«Иджыпсту ди республикэр хуабжьу хуэныкьуэщIэщIэхэм щрагъэгъуэт еджапIэхэр кьэзыухэсэн. Дэ дыхуейщ дяпэкIэ школыр кьэзыух щыкIуэр Iуэхум нэхъ набдзэгубдзапIэуэ жущытыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм кьыщIэх дипломжэр кьызыхуэмысжэсэпхэр куэд хуэщ, псоми зы Iэщ!агъэ кьыхэкри.

Цыхуэхэм пщIэ зыхуэщI, я щхьэр, я унагъуэр зэрагъэпэсэужьыфIри улахуэ кьэзыухь Iэщ!агъэпIэхэр зэрыригъаджэм, Iэщ!агъэм зэрыкьуэ я къэбзэ Iэнатlэ зэрамыгъэтым чэзу лъатэну и чэзу зэрыхьуар.

«Иджыпсту ди республикэр хуабжьу хуэныкьуэщIэщIэхэм щрагъэгъуэт еджапIэхэр кьэзыухэсэн. Дэ дыхуейщ дяпэкIэ школыр кьэзыух щыкIуэр Iуэхум нэхъ набдзэгубдзапIэуэ жущытыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм кьыщIэх дипломжэр кьызыхуэмысжэсэпхэр куэд

Сурэтхэр КЪАРЕЙ Эдинэ *трихащ.*

КъулыкъущIэхэм хуагъэгъунукъым

(КIэухыр. Пэщ!эдзэр 1-нэ нап.).

Парламентым и лэжьыгъэр кьызэзгъэпэщынымкIэ, регламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ комитетым и унафэщI **Махуэ Владимир** кьыхилъхьэри, зэIущIэм щыхэплащ республикэм законхэр кьыддэзыгъэкI и органым и зи чэзу зэIущIэр щрагъэкIуэкIынымрэ ПщIантIэм. КъБР-м и Парламентыр накьыгъэм и 29-м зэхуагъэсыну икIи а зэIущIэм Iуэхугъуэ тIощIым щIигъу кьыщыхьалъхэну зэгурыIуащ.

ЗаконодательствэмкIэ, къэрал хуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправлениемкIэ и Iуэхуэхмкiэ комитетым и унафэщI **Абаэз Руслан** Президиумым и зэIущIэм кьыщыхилъхьащ «КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэхэр ЙобР-м и Адвокатхэм я палатэм Iэщ!агъэмкIэ и комиссэм зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и Iуэхуки» КъБР-м и Законым и 4 статьям зэхъуэжьынигъэ зэлъхьэным теухуауэ», «КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм Административнэ кьуанщIагъэхэмкIэ и кодексым дэщIыгъуэныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки» КъБР-м и законхэм я проектхэр. Иужьрей документым щыгъэзащ мы муниципальнэ хабзэ актхэр зыбжанэр зэкIэлъыкIуэу кьыщIэзыгъэкIахэр, апхуэдэ актхэр кьыззэрытрадзэ хабзэхэр кьыззэпыудыдэр жэуапым зэрыращIалIэ мардэ гъэувын хуейуэ.

ПэкьыгъэмкIэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим** депутатхэм я пащхьэ кьырильхьащ «Балигъ мыкьуахэм я Iуэхуэхмэр абыхэм я хуитныгъэхэр зэкьуэмыкIэ комиссэхэм я лэжьыгъэр кьыззэгъэпэщыжыным и лъэныкъуэкIэ щIыпIэ самоуправлением и органхэм къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным ятеухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр. А документым егъэбелджылы ищхьэмкIэ кьыщыгъэльэтуэ комиссэхэр балигъ мыкьуахэм я Iуэхуэхэр дэгъэзыжьынымкIэ, сабийхэм я мыкьумыщIагъэ щалэжь кьэмыгъэкьэжьынымкIэ зытет хабзэ нэхъыщхьэхэр.

ЩэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкiэ комитетым и унафэщI **Iэпщ Заур** кьыкилъхьэри, зэIущIм щыгъэсэлъхьащ Документхэм я экземпляр щхьэхуэу фIэкIыпIэ имыIэу ягъэхьэзыр теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьынымкIэ хэлъхьэным и Iуэхуки» КъБР-м и законхэм я проектхэр. Иужьрей документым щыгъэзащ мы зэманым зекIуэ документым законым кьемыIэзгъэ муниципальнэ хабзэ актхэр зыбжанэр зэкIэлъыкIуэу кьыщIэзыгъэкIахэр, апхуэдэ актхэр кьыззэрытрадзэ хабзэхэр кьыззэпыудыдэр жэуапым зэрыращIалIэ мардэ гъэувын хуейуэ.

Зэ I уэм щыхэплащ Урысей Федерацэм и адрей хэгъуэгуэхэм я парламентархэм законхэр кьыщIэзыгъэкIынымкIэ зэрыщIэныгъэ зыбжанэ щыIэм, абы и пащхьэкIэ «Урысей Федерацэм и муниципальнэ къулыкъым и Iуэхуки» Федеральнэ законым и 24 статьям зэхъуэжьынигъэ хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр.

Къагъэхьа законопроектхэм ящыщщ «Этил спиртыр, фадэхэкIэр, спирт зыхэт продукцэр кьыззэрыщIагъэкIыным зэрызэблагъэкIыным кьэралым и унэтIыным и Iуэхуки» Федеральнэ законым и 16 статьям зэхъуэжьынигъэ хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ законым и 16 статьям зэхъуэжьынигъэ хэлъхьэным теухуауэ» УФ-м и законым и проектыр. А документым егъэбелджылы ищхьэмкIэ кьыщыгъэльэтуэ комиссэхэр балигъ мыкьуахэм я Iуэхуэхэр дэгъэзыжьынымкIэ, сабийхэм я мыкьумыщIагъэ щалэжь кьэмыгъэкьэжьынымкIэ зытет хабзэ нэхъыщхьэхэр.

Щэнхабзэмкiэ, спортымкiэ, туризмэмкiэ, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкiэ комитетым и унафэщI **Iэпщ Заур** кьыкилъхьэри, зэIущIм щыгъэсэлъхьащ Документхэм я экземпляр щхьэхуэу фIэкIыпIэ имыIэу ягъэхьэзыр теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьынымкIэ хэлъхьэным и Iуэхуки» КъБР-м и законхэм я проектхэр. Иужьрей документым щыгъэзащ мы зэманым зекIуэ документым законым кьемыIэзгъэ муниципальнэ хабзэ актхэр зыбжанэр зэкIэлъыкIуэу кьыщIэзыгъэкIахэр, апхуэдэ актхэр кьыззэрытрадзэ хабзэхэр кьыззэпыудыдэр жэуапым зэрыращIалIэ мардэ гъэувын хуейуэ.

Зэ I уэм щыхэплащ Урысей Федерацэм и адрей хэгъуэгуэхэм я парламентархэм законхэр кьыщIэзыгъэкIынымкIэ щIэныгъэ зыбжанэ щыIэм, абы и пащхьэкIэ «Урысей Федерацэм и муниципальнэ къулыкъым и Iуэхуки» Федеральнэ законым и 24 статьям зэхъуэжьынигъэ хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр.

Къагъэхьа законопроектхэм ящыщщ «Этил спиртыр, фадэхэкIэр, спирт зыхэт продукцэр кьыззэрыщIагъэкIыным зэрызэблагъэкIыным кьэралым и унэтIыным и Iуэхуки» Федеральнэ законым и 16 статьям зэхъуэжьынигъэ хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ законым и 16 статьям зэхъуэжьынигъэ хэлъхьэным теухуауэ» УФ-м и законым и проектыр. А документым егъэбелджылы ищхьэмкIэ кьыщыгъэльэтуэ комиссэхэр балигъ мыкьуахэм я Iуэхуэхэр дэгъэзыжьынымкIэ, сабийхэм я мыкьумыщIагъэ щалэжь кьэмыгъэкьэжьынымкIэ зытет хабзэ нэхъыщхьэхэр.

Щэнхабзэмкiэ, спортымкiэ, туризмэмкiэ, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкiэ комитетым и унафэщI **Iэпщ Заур** кьыкилъхьэри, зэIущIм щыгъэсэлъхьащ Документхэм я экземпляр щхьэхуэу фIэкIыпIэ имыIэу ягъэхьэзыр теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьынымкIэ хэлъхьэным и Iуэхуки» КъБР-м и законхэм я проектхэр. Иужьрей документым щыгъэзащ мы зэманым зекIуэ документым законым кь

● ГукъэкIыжхэмрэ дерсхэмрэ

Сэ езыр - Хьэх Сэфарбий

(КIэухыр. Пэщдзэзэр №86-м итиц).

ИЛЪЭСЫЩIЭ нэужьу, зэгурым щIалэгъуалэ гуп Урал зэгурыIуэныгъэкIэ згъакIуэу ерохьэлIэ, ухуэныгъэм щылэжьэну. ЖаIэрт ахьшфI къэпхьыну. Псори кьызоГъанэрэ, абы сокIуэ, унагъуэ щIыкIым кьихьэуэну кьулеягъэм сыкъызэщIиIэтарэ дуней гуфIэгъуэр сиIэу. Ауэ абы ди Iуэхур кьыщикIыркъым - щIыт дыззэрыгугъар, тшхьн ерагъкIэ къэдгъжьыжьыф къудейуэ арат. Адрей си гъусэхэр кьызогъанэ, зэтщIылIауэ щылэта зэгурыIуэныгъэм IэмалкIэсыкIыпсыкIри, си закъуэ сылIыхьэуэ щIызодзэ ахьшэфI кьыщыпхьын лэжьапIэ. СызДэмыкIуэ кьуэладжэрэ зыззэмыпщыта лэжьыгъэрэ укIуэдыж: Свердловск уухаКIуэхэм сахэтащ, Индыл (Волгэ) псым лЪэмыж тезыльхьэхэм ящIыгъуу Энгельс кьалэм сыдэащ, Ростов, Таганрог щыхьэрхэм хьэлъэ щызеслъфащ, Куржым щей фабрикэ сыIутащ, Волгодонск щралъхьэ-щрахьж базэ гуэрым сыкъыщыщIидзыжащ. Кьэралышхуэ къутэжар кьалащхьэ чэзуэу къэскIуэхьащ... Зыми щыхьуакъым си Iуэху. А псом я ужьыжкIэ дыщэ кьыщыщIах шахтым сыкIуащ - щIым сыщIыхьащ ахьшэ щхьэкIэ, зыри кьикIакъым! Арати, игъащIэкIэ къэпкIухьынт, щымыхьухэм, ильэситI нэблагъэ зыми щымыщу згъэкIуэдауэ, си хэкужь си лЪэр кьесхуэIэкащ. И анэ тхьэмыщкIэр хьIыдIэзэри екъэжащ, кьыскужьыIаи щыIащ а сыкъыщытам. Ар жьзыIауэ щытахэм я гуэныхьыжщ, ауэ сэ абы щыгъуэ си фэм дэкIар зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ Алыхьырщ зыщIэр. СыкъызэдэкIуэжам си анэр хиубыдэпауэ пIэхэнт, си щынэхьыщIэри и закъуэ екъуурэ, лъжьхьуат. Мыдрейуэ, колхозыр иджыри эрыщытауэ хьерынщэт. Дауэ мыхьуами, унагъуэр мылIэу зэтеIыгъэн хуейт. Си насыпкъеКIэрэхьуэкIщ и мыхабзэххэуэн, Налшык блок заводым работ-чэу саштащ, сымыщIэхххэу срихьэлIэри. Ахьшэ хьарынэкъэсхьу, унагъуэми зыхуейн нэхъ иГъэт хуащ. Ар дэ зэи димыIа насынт. Сыт хуэдизбэлъхь, ихьзаб си псэм тепыа, сэ ар къэслъхьхьуэу, сыт хуэдиз къызэхэсКIухьа! Сыти жьдвгъэи, щIыхур езым и насып здэщыIэ къыщалъху, дэ ар къыдгурымыIуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэм дыщыхьхьж щхьэкIэ. Арагъэнщ хэкум, лъахэм пащI щIыщымыIэри. Пэжт, гуГъут лжьыгъэр. Дэтхэнэми чилэ 22-рэ и хьэтыгагъыу блокитху зытелъ гъущI рамэр пщэдджьыкъым сыхьэтиблым, нэхъ пасэжьм щIэддзэу, жэщхьуху щIыхуитIым кьетлъэфкIын хуейт. Зым хьэлъэу центнер нЫкъуэ тешIэрт. Ауэ, дэнэ и джет сэ сыщытыншар, сыгуфIэу сылажьэрт.

Си жэку сыкъыщыкIуэкъым, си уэрэ тIэкIуэхэри кьыгъэкъуэхэыж. Махуэ гуэрым блок зеслъафэу заводым сыдэту, усакIуэ Сыгъыримэс Борис редакцIэ Iуэхукъ абы нокIуэ. Дызэхуозэри, си уэсхэм я гугъу хузощI, КIуащым зыгуэрхэр схутридзауэ зэрыщытари жызоIэ. НакIуэ, жи, си деж, си уэсхэри нэхъ. Абы щыгъуэ Кьагъырмэсыр «Советская молодежь» газетым корреспондент щыIэу арати, сокIуэ. Си уэсхэр сIехри, хопIъэ, зыгуэрхэри кьыхех, тридзэн щхьэкIэ. Кьуажэ школ щIэныгъэ фIэкIа симыIэу щыкъыСэм, и жагъуэ хьуащ. Уэ утхэну уи гугъэмэ, уемыджэу хьунукъым, жи. Сэ езджэн Iуэху зэрызэмыхужьрэ сыт щIа! Хьэуэ, жи, Iэмал имыIэу едажэ... Москва Литературэ институтым щIэтIысхьэ. Ы-ы, Iэджэ фIыгъуэ нэхърэ нэхъыфIти ар! Уэтхэри, сыщIэтIысхьэн мыгъуэтэмэ, жызоIэ, ауэ дауэ? КьызгурегъаIуэ зи «дауэр». Ауэ зыщIыпIи зэи экзамен щызымытыфа сэ а си еджэкIари си еджэкIауэ, апхуэдизи зэмани дэкIыжауэ. Москва еджанIэ нэхьыщхьэм экзамен щысту сыщIэтIысхьэфыну сытми? ЖеIэ сыщIэтIысхьэфыну, абы нэхъыбэу зэпIыныр си тхэкIэрауэ, си тхыгъэхэмкIэ хьарзынэу сыкъыкIыну. Сытми, сытрегъэгушхуэри, сокIуэ. Сызэримыгугъауэ, кьоКIэрэхьуэкI, сыщIохуэри, сызэрыгъажьэм хуэдизурэ, кьызоух Литературэ институтыр. Абы сыщIэсу дзэм сашэри, ари зэфIызогъэкI. СыкъокIуэжри, Налшык «Искож» комбинатым вулканизаторщикыу (щэкIитI плащыпхъэу зэгуащхар хьэжкIэ згъэгъуащу) соув, мазэ улахуэу игъащIэм кьэзмыхьам хуэдизкъэхьу. Иужьым, зэгуэр сэ сехъуапсэу сызыблэкIыу щыта университетым си кьуэш нэхъыщIэр щIызогъэтIысхьэри, аргуэру кьуажэм си анэм и деж сэ сымыгъэзэжу хьуркъым. Си яп уэср зэгуэр зытрадзэгъа газетым, «Колхозная жизнь» щIэныгъэ зыфIащыжьам, корреспондентуу сокIуэ. ИтIанэ райисполкомымкIэ зызотыж, фэепльхэр хьумэныкIэ обществэм, архивым сыщолажьэ, унагъуи сощI. Зэман докIри, Налшык республикэм и лъэпкъ библиотекэм сокIуэ... А псоми сызэрыщыщIэжар кIуэр-къэкIуэжущ, кьуажэм сыдэсу.

АПХУЭДЭУРЭ, заулкIэ сыкIэрэхьуащ, си лЪэр зыщIыпIи щимыубыду. Ауэ 1972 гъэм «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым корреспонденту сыуври, мис абы си лЪэр щиубыдащ, бзапщIэм хэувам хуэдэу. Илъэс тIощIрэ щIым нэс, пенсым сыкIуэну, сыщIэзэжащ. Сыщыпсэжащ, гугъу сехьу. Газет лэжьыгъэр езыр тыншкъым. Бжьэм губгъуэр кьитъэтыхьурэ, фо зэрищIым хуэдэу, республикэ псор кьызэхэмкIухьу тебдзэнэрэ зэхуэхьэсын, газетыр щIын хуейт. Ари машинэр къыпIымысрэ ульэс защIэу!

Лэжьыгъэр, сыт, лэжьыгъэт псом я деж Iи, си закъуэ си хьэлъэтэкъым. Ауэ сэ гугъу сезыгъэхьыр псом нэхъ р сызэрыпэхъ лейрат: сызэрыщIыкIурэ зи сащыщакъым зыгуэр щхьэкIэ зыгуэр зыхуэдачыхьым, нэ лейкIэ нэхъ зэпIлым, сэ схуэдэм хуащIэр кьысхуамыщIэрэ си Iыхьэр кьыслъамыгъэсыжу сыкъекIуэкIа мыхьуэ. Мыбыи а «машинэр» щылэжьащ. Корреспонденту сыздагъэкIуа кьудамэм и унафэщIыр жьейт, щхьэхуещт, узижъгъуэныр и махуэу нэпсейти, сигъэлажьэртэкъым - си гъуэгур кьыIущIэрт. Нэхъ сытыншакъым сэ езыр кьудамэм и унафэщI сыхьуа нужьи.

Зауэм хэта, пщIэ, щIыхь зиIэ ди редактор нэхъыщхьэр абы ирихьэлIэу токIри, газетым щызекIуэ хабзэхэр нэхъ мыхьэнэншэ, щIыхур зэхэмылэжьыкI мэхьу. ЩыIэт тхьэмахуэкIэрэ, мазэкIэрэ лэжьакIуэ къэмыкIуэхэр. Сэ сеакъурт, сыщIекъури сызыхуекъури сымыщIэжу. ЩIэуэ къащтэр ди кьудамэм кьагъакIуэрти, абыхэм ятхым седжэжырт, зэзгъэзэхуэжырт, щIэрыщIэу стхыжын хуей щыхьэр нэхьыбэу. Езым стхын хуейми хуэдитIщыкIэ щIезгъэгъэурт. Сытыт кьэсхьыр? Нэхъри срагъэкъуну, баш нэхьыбэ кьыстехуэрт!

ГуГъу сыщекъами, сыт хуэдиз лей къыщыстехьами, адыгэбзкIэ кьыдзкI ди газет закъуэм сыщыхуэлэжьар си гъащIэм хэзгъэкIынтэкъым. ИтIэсдапщэ дкIыжа нэужьи си тхыгъэхэмкIэ (ахэр зытеухуахэм пхьуантэдэлъу щызэрамыхьэ кьали кьуажи диIэу къ ы щ I э к I ы н к ъ ы м !) кьэпщIэнущ ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ а зэманым абы телажьа лэжьакIуэ пэрытхэмрэ зыхуэдар.

Дауэ мыхьуами, зэман кьэзгъэутырт художественэ тхыгъэхэм селжьыну. Абы фIэкIа нэгъуэщI Iуэху ямыIэу литературэм щылэжьахэм ятхам хуэдизу стхащ, кьыдагъэкIам хуэдизи кьыдзэгъэкIащ тхылъу (я фIагъым и гугъу тщIынкъым). Абыхэм мымащIэу кьыщыкIэгъэльэгъуащ ди лэжьэкIэ-зэхэтыкIэ мыхьэумыщIэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Си унафэщI дыщэ», «Пыпхэ», «Хьэтумэ» щIагъыбзэхэр, нэгъэущIхэри.

Си дней еплъыкIэ сытхэм ухыхьэмэ, куу мэхьу. КьыщыщIэздзэнщ езы гъащIэжь плIэкIэ тлъэфым. Ди Iумпlэ-Iыгъхэм ар тфIыз эIащIащ хьэлэчыщIэр и махуэу. Сахуэарзэыкъым абыхэм - зэхуагъадэркъым щIыхур. Дунейр кьызэриухэри апхуэдэщ, зэхуагъадэркъым, жыфIэнщ. Пэжщ, ауэ и иджы хуэздьдуэу зи щымытауэ кьыскщохьу. Езыхэр, псэльамэ, дыдемократщ, жаIэу, ауэ щыхьукIи, щIыхур кьрамыдзэу! Коммунистхэм я тетыгъуэр щакъутэм сыгуфIат. Пэжу, абы щыгъуэ щыIа коммунист зызыгъэпащтыхьхэм мывжкIэ езауэу уэрамым дэтахэм сахэтакъым, ауэ гурэ псэкIэ сакъыдэщIырт. Си гугъащ Компартым и пащтыхьыгъуэр зэ кьута хьумэ, щIыхуи и гъащIэри нэхьыфI хъуну. Сыщыуащ, хьуакъым нэхьыфI. ЩIэмыхьуар а партым щыгъуэ гублащхьэм щыIахэр ноби къэнэжауэ, ди гущыIэм иджыри итщи аращ. Зы обществэм икIыу нэгъэущI обществэм щихьэкIэ, пащтыхьхэр зэрамыхьэкIыу зи кьанэрэкьым, ар дунейм, гъащIэм и хабзэщ. Ауэ мы зэм апхуэдэукъэхъуакъым, игъэзэщIакъым хабзэр. ЯгъэзэщIакъыми, зи кьулыкъу зыубыдыжа парт лъабжьэжьхэмрэ абыхэм я Iупфlэгъуэхэмрэ нобэми ныжэбэми, зи жьэм баш жьэдаIуурэ кьагъэгубжьа хьэм нэхъей, щIыхур зэтращхыхь. Ахэр зыуэ мэфыщIэри! Абыхэм зэралъфэлIащ тыкуэн, шхапIэ-ефапIэ, фабрикэ, завод, нэгъэущIхэуи сом мелуан, мелард бжьыгъэ и уасэхэр. ЯщIэрэ абыхэм IэбэкIэ, дыгъуэкIэ?! Уэ пхуэдэ, сэ схуэдэ хьэлэлырыпсэу гъэрым кьеГъащтэт мастэ. Суд тращIыхьынущ, ящIыдынуэрэ. Ауэ щыстхакъым сэ «Си хуэрягъкIэ» тхылъым мыпхуэдэу:

ЩIакъуэ Iыхьэкъ Iэбар ЩIагуащ, ящыбыдмыгъэурэ,

Мелуан куэд

къэзыдыгъуар Ноби дэтщ, мэдыгъэурэ!

Хьуркъым ахэр. Сыщогугъ а лейэхьэхэм Алыхьым кьаХуимыгъэну. Сэ Алыхьыр иджы кьэзыщтэжахэм сащыщкъым. Си фIэщ мэхьу сызэрыщIыкIурэ икIи сыщогугъ. Динми срибийкъым, уасэ иIэкъым муслымэн диным щIыху ирибгъэсэну. Абыхэми я закъуэкъым. Дэтхэнэ щIыху балигъми хуэдэу, сэри гъащIэм, дунейм щызекIуэ Iуэху псоми си епIтыкIэ щхьэхуэ яхузиIэжщ, я нэхьыбэм жылэм емыщхьу. Псалъэм папщIэ, щыIэу жыхуаIэ лъаГъуныгъэ мыухыри си фIэщ хъуркъым. Адыгэм гущIэщ жи абы щхьэкIэ. ГуащIэ сщIэркъым, мафIэщ, мафIэ зэщIэгъэна! Ауэ, дэтхэнэ мафIэми хуэдэу, кьолынд, мэУнкIыфIыж. Апхуэдэу жысIэмэ, нэхьыбэм кьысхуадэркъым, хьэуэ, лъагъунытрэ насыщ, жаIэри. Создэ насыщ. Ауэ насыпыр щыпащэ. Сыпыр кьыпIэрэхьхущ. Уи Iэмыщ Iэм зэ кьихьакъэ, насыпыжкъым.

Лъагъунытрэ - аращ. ЩыгуащIэри, щыIэфIри, щынасыпри, ульэIэсыхущ. Iэбзмэ, хуиту кьыIэрыхьэр щIыхум игъащIэм насыпу иБжакъым икIи пхуибжьнукъым.

Лъагъунытрэ мыух щыIэпIэу щытми, ар зыщIыфынури зиIэнури щIыхущхэрауэ кьыщIэкIынщ.

НыбжьэгъуГъэр нэхъ быдэ хьууэ икIи нэхъ гъащIэ кIыхьу си гугъэщ сэ, лъагъунытрэм нэхьр. Ар, тэмэму кьыпхущытмэ, узэрылъэ- IэскъыззрыплъэIэсми ипсыхь фIэкIа, уэжгъуркъым. СщIэркъым, «ныбжьэгъэ» псалъэм кьикIыр адрейхэм зэрагугъэм нэхьрэ нэхьыбэу сэ къысфIощI. Ныбжьэгъу нэсыр кьыззэрыхуэхьум хуэдэу цIыхум кьыхуэ- хьун щыIэкъым, кьыззэ- рыслъытэмкIэ - иреанэ кьилъху, ирещхьэгъуэз, иренэгъуэщI. ПхужьIэнкъым сэ ныбжьэгъукIэ зи насып кьикIахэмсащыщу - мыр ныбжьэгъу хьунт я нэхь жьхуэсIэм зыгуэр кьыскIэщIещIыхьыжь, сигу зэрегъэбгъэж.

Аращ кьызищIэжар мыпхуэдэу уэ зыхуэхтхами:

Уигу зыхуеIэм уи Iэр лъэмыIэсмэ, Си щхьэм кьытеуви дэIэбей.

Сыт сщIэн, ари адрей си нэ кьызыхуикI, си Iэ зыпемыкIуэкI псоми хуэдэ кьышIэкIынщ.

СИ щIэщЫгЪУЭ зыхуимыкIри, сымыуэгъэури, зи щIыб кьыхуэзыгъаззу емыжьэкри сыт жьIэт - лэжьыгъэр! Мис арауэ кьыщIэкIынущ сэ сыкъызыхуигъэщIар, абыкIи батэр згъэшIын схуэзфIэмыкI щхьэкIэ. А зыращ сэ мы дунеягъэм щызыIэр, адрейхэр псори щхьэгъэпщIэжщ. СызэрыщIыкIурэ си Iэри си щхьэри хэлъщ, ухи иIэкъым, зэманми ИнхырькъымиIэфI... хуэсщIар щхьэ текIуадэрэ, жумыIэмэ. Газетым сыщыщыIам, минрэ гугъу сехьми, а си гугъуехьыр зыми кьымылъытами, хуабжьу гукъыдэжьшхуэ, жэрдэм ин схэлъу сыкIуэрт лэжьакIуэ, сфIэIэфIуи сылажьэрт. Литературэр зыпэсщI щыIэххэкъым. Ауэ си пIэм итамэ, щIыху тхэнтэкъым, сэ абы дэсщэчыр диштэчу. Си Iрыгъхэмрэ сэрэ ди зэхуакум фоч гъэпкIа иIыгъыу милиц щыдэта зэман щыIащ. ИтIани сафIэтхащ!

Зыхэслъхьэ щыIэкъым си тхыгъэ тIэкIуэр. Сигу яхуэмыгъэщ, жьхуэсIэщ. Ахэр сэ сфIэгуэныкъ мэхьу, дунейм зи нэр кьыхуикI, ауэ зи лъэм зэримыхьэ гуэрхэм язогъэщхьри... Си тхэкIэм и гугъу пщIымэ, сызытетхыхьыр езым си нэгу щIэкIа е сэр нэхьрэ нэхъыфIу зыми ар имыщIэу кьыкъщыхьу Iуэхугъуэхэращ. Сэри си ныбжьэри дызыхалъхуа, дызыхэпсэуэкIа XX лIэщIыгъуэр кьэхъукъащIэ инхэмрэ IуэхугъуэщхуэхэмрэкIэ гъэнщIат. МащIэкъым ди нэгу щIэкIари. Ахэр къэзгъэлъэгъуэжьну сыщыхуащIэкъуащ си «Пщэдджьжьыпэ щIыIэ», «Толькъун Iэсэ», «Махуэм дунейр и кIыхьагъщ», «Сигу, къэувыIи, сызэлъащIэгъэхьэ» повестхэм, адрей си тхылъхэми. Иджы ахэр апхуэдэу измыкъуэу, зы тхыгъэ щхьэ сымыщIарэт, жызоIэж. Сыхуейт зы тхыгъэщхуэу сыукъуэдиину икIи къезгъэжьат, «Дуней гъащIэ» фIэсщри. Ауэ, нэгъуэщI тхыгъэхэм сыдахьэхьжри, нобэр кьызэдэсым гъунэ ислъакъым. Иджы, си ныбжьыр здынэсам, дэнэ къисхыжьи апхуэдэ тхыгъэщхуэм ярикъун гъащIэрэ гъащIэрэ? Шэч хэмылъу, а «Дуней гъащIэр» ныкъъэтхыу къынэну къыщIэкIынущ. Бетэмал, мы зэманым сыкъэтхысу, сэ абы кьыщыщIэгъэльэгъуэну сыхуейт иужьрей илъэсхэм кьыттехьуа, иджыри имыухауэ кьыттехьуэ къомыр. Зэми, ипэкIэ итхэр кьэзгъаНэу, а «иужьрей илъэсхэм» кьыщыщIэздзэу щхьэ сымытхрэ жызоIэ. Апхуэдэу сщIымэ, «Дуней гъащIэм» иджыри къэс хэстхыкIа тIэкIуэ мэкIуэд, абы щыщу печатьым кIуа кIаIэпльапIэ хэм фIэкIа къэмынэ. СщIэркъым, зым зестмэ, адрейр кьонэ...

Мис апхуэдэхэщи, си щхьэм кьос сщIэнури стхынури. Зэманщ симыIэр. Я пэу тхэн щыщIэздзам сыкъыщыхутэжамэ, нэхъыбэ схуэфIэкIыну щытауэ кьысфIощIыр. Ауэ иныкъуэхэм дежи нэгъэущI зыгуэру соплъыжьы Iуэхум. Сэ а сыкъызыхэхъуэкIа-сыкъызыхэтэджькIар зыхуэдам укъыщежьу, сыкъызэрыкIуа гуэуэру кьурГъакъымкIэ укъакIуэу, а сыкъызыпхыкIа бэлъхь кьоммии уакъыпхыкIыу, мы сыкъызэдэсам нэхърэ нэхь жьыжъ зыкIуэфынуи нэхьыбэ пхуэфIэкIынуи кьыщIэкIынтэкъым. Аращ мы кьестхэкIа сызэрыкъуэ хэзгъэкIэ IытIыж Борис, жэуап зыхь секретарь Елгъэр Кашиф, кьудамэм и унафэщI Кьагъырмэс Борис, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ IытIыж Борис, жэуап зыхь секретарь ЕлгъэрКашиф, кьудамэм и унафэщI Кьагъырмэс Борис, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ Додуев Аскэр, КъБР-м и ТхакIуэхэм я сокIузым и тхьэмадэ Созаев Ахьмэт сымэ, хьэщIэхэр.

ЗэIущIэр кьызэIуихри, фIэхъуС псалъэкIэ хьэщIэхэм захуигъэзащ икIи республикэм и щэнхабзэ гъащIэм журналхэм щаубыд увыпIэм кIэщIу кьытеувыйащ педколледжым и унафэщIым и кьуэдзэ Бицу Георгий. Абы и лэжьэгъу Нэтъуей Маргаритэ кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ щIалэгъуалэр гъуэгу захуэм хуэ-унэтIынымкIэ, я лъэпкъ щэнхабзэм куууэ хащыкIымкIэ журналхэм кьалэныншхуэ зэрагъэзащIэр, абыхэм лъэпкъ щэнхабзэм хуащI хэлъхьэныгъэр зэрыуасэнщэр.

ЩIыпIэ Борис и тхылъыщIэхэм ящыщ тыгъэ яхуищащ педколледжым и егъэджакIуэхэми библиотекэми. Кьагъырмэс Бориси и тхылъ зыбжанэ библиотекэм иритащ.

«Куащхьэмахуэ», «Минги тау» журналхэм я юбилейм теухуа пшыныр ягъэдохащ «Амикс» узэрэджыIакIуэ гупымрэ колледжым и уэрэджыIакIуэ нибжьыщIэхэмрэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Ди КIунэ

● Тхылъыщ1э

Апхуэдэу кьыпхужьаIэн щхьэкIэ псоми фIыуэ укъыщIалъэгъуи зэфIэкIрэ дуней тетыкIэрэ уиIэу, уи щIэ къудейм куэд кьыкIыу щытын хуейщ. Арагъэнщ усакIуэ, тхакIуэ Лыкъуэжь Нели ЖьакIэмыхьу КIунэ теухуауэ кьыдигъэкIа тхылъым «Ди КIунэ» жиIэу кIэщIу щIыфIищар.

УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ и артистхэ, ди республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Щоджэнцыкиу Алий и щIэр зезыхъэ Адыгэ къэрал драмэ театрым итъэ 40 хьуаэр зи лэжьыгъэр щыгтыгъэу щIыхубзым щхьэкIэ ятхамрэ жаIамрэ зэхуэхъэсыжауэ, КъБР-м и Президент Кьаныокъуэ Арсен и пэублэ псалъэ иту кьыдэкIа тхылъым щывгъуэтынущ СССР-ми, УФ-ми, КъБР-ми ГъуэзджэмрэщIэнхабзэмрэ я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм, политикхэм, журналистхэм КIунэ кьинГъэщIа образхэр кьаззэрыщIыхьуэ теухуауэ жаIар.

Тхылъым зы Iыхьэу итщ езы КIунэ и лэжьыгъэм, и щхьэгъуэ Мысостышхуэ Пщыозбий, я бынхэм теухуауэ кьИуатэхэр. А псоми сурэт гъуэзэджэхэр дэщIыгъужщи, тхылъым, киноленТэм хуэдэу, уи нэгу щIегъэкI артисткэ дахэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ.

Мы тхылъыр артисткэ тельыджэм, дунейпсо театр утыкум зэритын зэчий зыбгъэдэлъым, и щIэнгъуаэз (энциклопедие) хуауэ жыпIэкIэ ущыуэнкъым. Ролищэм щIигъу зыгъэззэщIам ар хуэфащэкъэ?!

ЩхьэхуэУ узытепсэлъыхь хъунщ ди республикэм и полиграфкомбинатыр иджырей тхылъ, журнал щыкIэм сыткIи зэрыхэгъуэзар, апхуэдэ Iэщ1агъэлIэхэр зэрпIэр. Ари ущыгъуэщхуэ хъун Iуэхущ, тхылъымпIэфым тету, щхъуэкIэплъыкIэу кьыдагъэкIэр Мин-Воды, Мейкъуапэ дэт типографием яшэу зэрыщытар уигу кьэбгъэкIыжьмэ.

ЛкъанIэмыхьу КIунэ теухуа тхылъыр гукъэкI зыщIа Лыкъуэжь Нели мылъкукIэ кьыкъуэувар, а хъуэпсапIэр нэхуапIэ хуэзыщIар хьэрычэтыщI ЖьакIэмыхьу Асльэнбийщ. А тIум я фIыщIэу театрым и тхыдэр зи Iэрыкlэхэм ящыщ артисткэм хуэфэщэн тхылъ дунейм кьызэрытехьар.

ШИРДИЙ Маринэ.

Куэдым гъуазэ яхуэхъу

● Юбилей

Ди республикэм кьыщыдэкI «Куащхьэмахуэ», «Минги Тау» литературэ журналхэр дунейм кьызэрытехьэрэ илъэс 50 зэрырикъуар иджыблагъэ щагъэльэпIащ КъБКъУ-м и педколледжым.

ЕГъЭДЖАКIУ ЭХЭМРЭ студентхэмрэ щызэхуэса пэщышхуэм гуапэу щрагъэблэгъащ «Куащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхьыщхьэ **IутIыж Борис**, жэуап зыхь секретарь **Елгъэр Кашиф**, кьудамэм и унафэщI **Кьагъырмэс Борис**, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Додуев Аскэр**, КъБР-м и ТхакIуэхэм я сокIузым и тхьэмадэ **Созаев Ахьмэт** сымэ, хьэщIэхэр.

ЗэIущIэр кьызэIуихри, фIэхъус псалъэкIэ хьэщIэхэм захуигъэзащ икIи республикэм и щэнхабзэ гъащIэм журналхэм щаубыд увыпIэм кIэщIу кьытеувыйащ педколледжым и унафэщIым и кьуэдзэ **Бицу Георгий**. Абы и лэжьэгъу **Нэтъуей Маргаритэ** кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ щIалэгъуалэр гъуэгу захуэм хуэ-унэтIынымкIэ, я лъэпкъ щэнхабзэм куууэ хащыкIымкIэ журналхэм кьалэныншхуэ зэрагъэзащIэр, абыхэм лъэпкъ щэнхабзэм хуащI хэлъхьэныгъэр зэрыуасэнщэр.

IутIыжым и тхылъыщIэхэм ящыщ тыгъэ яхуищащ педколледжым и егъэджакIуэхэми библиотекэми. Кьагъырмэс Бориси и тхылъ зыбжанэ библиотекэм иритащ.

«Куащхьэмахуэ», «Минги тау» журналхэм я юбилейм теухуа пшыныр ягъэдохащ «Амикс» узэрэджыIакIуэ гупымрэ колледжым и уэрэджыIакIуэ нибжьыщIэхэмрэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

ПщIэ лъагэ

● Хъыбар гуапэ

Налшык къалэ дэт 11-нэ курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ Бекъан Масирэт зэфIэкIыщхуэ зэрыбгъэдэлъым и щыхьэщ абы «КъБР-м щыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащар. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкIа зэпеуэм лауреат щыхьуу, сом мини 100 кьызэратар. щытхъу, фIыщIэ тхыль куэд зэриIэр.

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМКIЭ езыгъаджэхэм я зэпеуэу Москва щекIуэкIам и зэфIэкI нэгъабэ щигъэлъэгъуащ Масирэт икIи зэхьэзэхуэм щытекIуауэ кьэкIуэжащ.

Иджыблагъэ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Фурсенкэ Андрей кьыбгъэдэкI тхыгъэ кьагъэхьащ ди республикэм. Ар зыхуэгъэзар Бекъан Масирэтщ.

«ПщIэ зыхуэтщI Масирэт Суфэдин ипхъу! - дыкьыщоджэ тхыгъэм. - Сигуми си псэмкIэ кьабгъэдэкIыу сынохуэхуэху анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я япэ дунейпсо зэпеуэм и унэтIыныгъэхэм ящыщ зым пашэ уэрыщыхьуамкIэ. Уэ уи псэемыблэж лэжьыгъэр щIэгъэкъуэн хуохьу иджырей Урысейм и къызэрыратар. анэдэлъхубзэхэр хьумэным, зегъэужьыным, щэнхабзэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэ Iэмалыщ1эхэр къэгъэсэбэпа хьуным.

Уэри уи лэжьэгъуэми сыныбохьуэхьу фи мурадхэр кьывэхьуЛIэну, XXI лIэщIыгъуэм урысей егъэджэныгъэм зегъэужьыным ехьулIэныгъэхэр кьыщыфхьыну».

Апхуэдэ пщIэ лъагэ зыхуащIа Масирэт дэри дохьуэхьу и Iэнатlэм куэдрэ узыншэу пэрытыну!



Бекъан Масирэт

Хьэх Сэфарбийрэ абы и щхьэгъуэ Мариерэ я пхъурыльху щIыкIыр я гъусэу. *Налшык, 1990 гъэ*

Сэфарбий и пхъурыльхуэу Сэбаншхэ Азэмэтрэ Сабинэрэ.

ЩЭРМЭТ Людмилэ:

Театр - си псэр щытынш си жьэгу

Щэрмэт Людмилэ Сультан и пхыр 1953 гъэм Аруан районым хыхьэ Къэхуэн кьуажэм кьыщалъхуащ. Курыт еджапIэр кьиухри, ар 1970 гъэм щIэтIысхьащ Щукиным и цIэр зэрихьэу Москва дэт театр училищэм (адыгэ студием, егъэджакIуэр профессор Калиновский Леонидт). 1975 гъэм Налшык кьыззригъэзэж льандэрэ, ар Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ къэрал драмэ театрым щолажьэ. Щэрмэтым 1997 гъэм кьыхуагъэфащащ Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм щыхьэнIэ и артистКэ цIэ льаепIэр.

Щэрмэт Людмилэ

ТЕАТР гъэздж эм пэжкIэ кьулыкьу зэрыхэущIа илъэс 33-м кьриубыдэу Людмилэ игъэззэщIащ роли 100-м щIигъ у. Щэрмэтыр хьэл зэхуэмыдэ зиIэ цIыхухэм я щытыкIэм тыншу зэриувэфым и фIыгъэкIэ, абы утыку кьрихащ лIыхьужь зэхуэмыдэ кьэдым я образхэр. Псальэм и хьэтыркIэ, Адыгэ театрым и тхыдэм кьыхэнащ Еврипид и «Ипполит» (Корифейкэм и образыр), Щоджэнщыкlу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» (Лацэ), Думбадзе и «Кукарачэ» (Ревекэ), Шортэн Аскэрбий и «Яшэмрэ кьэзышхэмрэ» (Цоцэ), Иоселиани и «Хьыдрэ зэ кьыщэкъакъэр (хьыджэбзихми я ролхэр гьэзрыгъуэу), Арро и «МокьэкIуам феплыт» (Ларисэ), Iутlык Борис и «Тыргъэтауэ» (Адисэ) спектакдхэм, нэгъуэщI куэдми Людмилэ щигъэззщIа роль купщIафIэхэр. Характернэ, лиринэ, комедие лIыхьужьхэм я образ кьигъэщIакъэм кьадэкIуэу, Людмилэ зэгъэзащIэ драмэ ролхэри. Абы кьеГъэлъагъэ Людмилэ и зэфIэкIыр нэхьыбэ зэрэпхьур, и кьэухьым зэрызиузэщIыр. Абы и щыхьэту жьыпIэ хьунущ актрисэр езым и жьапхъэ, и дж гъуэ щхьэхуэ эм и гугъу щыпщI хуэну эзманым зэрынэсар. Щапхъэ нэрылъагъущ Кайтов СультIан и пьесэм кьытращыкIа «Анэм и гур» спектаклым щигъэзащIэ Марие Павловнэ, Николаи Альдо и «Гулъыт эншэ хьуакъэр» лэжьыгъэм хэт Пьер сымэ я образхэр, кьиузэригъэщIар, Нало Заур и новеллэм кьытращыкIа «Iэфынэ и нэфIыцIитIыр» спектаклым анэм и ролыр, Горин Григорий и «Кин ЕплIанэм» Голсуэлс и ролыр зэрыщигъэзащIэр. Куэд щIакъым Iыркъ драматург Несин Азиз и пьесэм кьытращыкIа «СыукI иджы, дунейнэху!» спектаклыр япэу зэрагъэльагъуэрэ. Абы хэт Дихэ и ролыр здигъэзащIэм, иджыри зэ Людмилэ джэгукIэ гъэзщIэгъэн ди пащхьэм кьриГъэувэ кьалэнхэр икIи ахэр фIы дыдэу зергъэхьулIэф, образ кьигъэщIыр режиссерым зэрилъагъуэмрэ езым и бгъэдыхьэкIэмрэ екIуу зэхэуухэнэри. Арагъэнщи игъэззащIэ дэтхэнэ ролри щIэплъыфэбэр, щIэжьыуэ дахэ зыхэплъагъуэу щыщытыр, цIыхухэм я гум кьэщIинэр.

- Иджыпсту ди гъащIэм кьыщыхьэу Iэхуэгъуэхэр сценэмкьыщыдгъэльагъуэмэ, ар пэж дедэу зыими и фIэщ хуэнкьым, - жеIэ Людмилэ. - Сэ хьэкъыу стыкIаш ди гъащIэ псор зэрытеатрыр, дэ дыззрыкатерыр. Сценэм хуэдэу сэ гъащIэм сыщыдж эгу фIынэтэкъым, пщым, бзэгу зехьэным, зыкIэлъымыкIыгъэм срабийщи. Сльагъу хьуркъым цIых ум пцIы иупс у, укьигъапцIэу, абы щыгъэми пэжым и телъхъэ цIыху зэхуэзу уи пащхьэ зыкьыщигъэльагъу зну щыхьэтым деК. Театрым щылажьэ псоми ящIэ си гъэцIэкIэ кьеКьжIкIнехьэкI хэмылъу зэрыжысIэр. Сэ кьызэрысфIэжыIэр, Iуэ и пIэр къьабзэу, ущIэукIыт эн ббгъэдмылъу, цIыхум и гум узэреуэн псалъэ Iей гуэр кьыбжьэдэмыкIыу упсэуным нэхъ р нэхъ насыпщIыIэкъым.

Насыпыр кьызидкIынур пщIэркъым. Адыгэ театрым и гъэжьакIуэ пажэхэм зэрыприхьэлIар Людмилэ насыпышхуэу кьелытэ. Аэр зэхуэзышар гъуэзджэм хуаIэ льагъуныгъэрт. Курыт еджапIэм щыщIэсым художественнэ самодеятельностым хэтами, Людмилэ кирург Iэщагъэт зыщIэхьуэпсыр. Ауэ адэм ар зэрыфIэмыкьабылыр кьиIльытэри, пщащэм нэгъуэщI Iэщагъэ кьыхихащ.

Республикэ газетым ящыщ зым театр студием ягъэкIуэн щIалэгъуалэ зэхьэрыхахым теухуа тхыгъэм кьыщдежэн, адэм гукъэкI ищIащ ипхуэ нэхьыщIэр абыхэм зэрахэзэгъэзэнкIр. А зэманым щIэнкъабзэмкIэ министру щытаЕфэнды Джылахьстэн и Людмилэ и зэфIэкIыр нэхьыбэ зэрэпхьур, и кьэухьым зэрызиузэщIыр. Абы и щыхьэту кьэзышIэ хьунущ актрисэр езым и жьапхъэ, и дж гъуэ щхьэхуэ эм и гугъу щыпщI хуэну зэманым зэрынэсар. Щапхъэ нэрылъагъущ Кайтов СультIан и пьесэм кьытращыкIа «СыукI иджы, дунейнэху!» спектаклыр япэу зэрагъэльагъуэрэ. Абы хэт Дихэ и ролыр здигъэзащIэм, иджыри зэ Людмилэ джэгукIэ гъэзщIэгъэн ди пащхьэм кьриГъэувэ кьалэнхэр икIи ахэр фIы дыдэу зергъэхьулIэф, образ кьигъэщIыр режиссерым зэрильъагъуэмрэ езым и бгъэдыхьэкIэмрэ екIуу зэхэуухэнэри. Арагъэнщи игъэззащIэ дэтхэнэ ролри щIэплъыфэбэр, щIэжьыуэ дахэ зыхэплъагъуэу щыщытыр, цIыхухэм я гум кьэщIинэр.

- Иджыпсту ди гъащIэм кьыщыхьэу Iэхуэгъуэхэр сценэмкьыщыдгъэльагъуэмэ, ар пэж дедэу зыими и фIэщ хуэнкьым, - жеIэ Людмилэ. - Сэ хьэкъыу стыкIаш ди гъащIэ псор зэрытеатрыр, дэ дыззрыкатерыр. Сценэм хуэдэу сэ гъащIэм сыщыдж эгу фIынэтэкъым, пщым, бзэгу зехьэным, зыкIэлъымыкIыгъэм срабийщи. Сльагъу хьуркъым цIых ум пцIы иупс у, укьигъапцIэу, абы щыгъэми пэжым и телъхъэ цIыху зэхуэзу уи пащхьэ зыкьыщигъэльагъу зну щыхьэтым деК. Театрым щылажьэ псоми ящIэ си гъэцIэкIэ кьеКьжIкIнехьэкI хэмылъу зэрыжысIэр. Сэ кьызэрысфIэжыIэр, Iуэ и пIэр къьабзэу, ущIэукIыт эн ббгъэдмылъу, цIыхум и гум узэреуэн псалъэ Iей гуэр кьыбжьэдэмыкIыу упсэуным нэхьр р нэхьр насыпщIыIэкъым.

Насыпыр кьызидкIынур пщIэркъым. Адыгэ театрым и гъэжьакIуэ пажэхэм зэрыприхьэлIар Людмилэ насыпышхуэу кьелытэ. Аэр зэхуэзышар гъуэзджэм хуаIэ льагъуныгъэрт. Курыт еджапIэм щыщIэсым художественнэ самодеятельностым хэтами, Людмилэ кирург Iэщагъэт зыщIэхьуэпсыр. Ауэ адэм ар зэрыфIэмыкьабылыр кьиIльытэри, пщащэм нэгъуэщI Iэщагъэ кьыхихащ.

Республикэ газетым ящыщ зым театр студием ягъэкIуэн щIалэгъуалэ зэхьэрыхахым теухуа тхыгъэм кьыщдежэн, адэм гукъэкI ищIащ ипхуэ нэхьыщIэр абыхэм зэрахэзэгъэзэнкIр. А зэманым щIэнкъабзэмкIэ министру щытаЕфэнды Джылахьстэн и Людмилэ и зэфIэкIыр нэхьыбэ зэрэпхьур, и кьэухьым зэрызиузэщIыр. Абы и щыхьэту кьэзышIэ хьунущ актрисэр езым и жьапхъэ, и дж гъуэ щхьэхуэ эм и гугъу щыпщI хуэну зэманым зэрынэсар. Щапхъэ нэрылъагъущ Кайтов СультIан и пьесэм кьытращыкIа «СыукI иджы, дунейнэху!» спектаклыр япэу зэрагъэльагъуэрэ. Абы хэт Дихэ и ролыр здигъэзащIэм, иджыри зэ Людмилэ джэгукIэ гъэзщIэгъэн ди пащхьэм кьриГъэувэ кьалэнхэр икIи ахэр фIы дыдэу зергъэхьулIэф, образ кьигъэщIыр режиссерым зэрильъагъуэмрэ езым и бгъэдыхьэкIэмрэ екIуу зэхэуухэнэри. Арагъэнщи игъэззащIэ дэтхэнэ ролри щIэплъыфэбэр, щIэжьыуэ дахэ зыхэплъагъуэу щыщытыр, цIыхухэм я гум кьэщIинэр.

- Иджыпсту ди гъащIэм кьыщыхьэу Iэхуэгъуэхэр сценэмкьыщыдгъэльагъуэмэ, ар пэж дедэу зыими и фIэщ хуэнкьым, - жеIэ Людмилэ. - Сэ хьэкъыу стыкIаш ди гъащIэ псор зэрытеатрыр, дэ дыззрыкатерыр. Сценэм хуэдэу сэ гъащIэм сыщыдж эгу фIынэтэкъым, пщым, бзэгу зехьэным, зыкIэлъымыкIыгъэм срабийщи. Сльагъу хьуркъым цIых ум пцIы иупс у, укьигъапцIэу, абы щыгъэми пэжым и телъхъэ цIыху зэхуэзу уи пащхьэ зыкьыщигъэльагъу зну щыхьэтым деК. Театрым щылажьэ псоми ящIэ си гъэцIэкIэ кьеКьжIкIнехьэкI хэмылъу зэрыжысIэр.

Щэрмэтым и цIэ-унэцIэм екIуу кьыгуэуващ «характернэ актрисэ» псальэкэр. Нобэ нрихьэлIэу роль куэд дыдэ зыгъэзэзэщIэну хунэсэ Щэрмэтым и хьэуспанIэм и Iэр льэIэсащ. Режиссер Дэбагъуэ Роман и фIыщIэкIэ Людмилэ къехъулIащ нэхьапэхэм кьигъэщIыну зыхэта, игъэфIа образыщIэ (графиня Голсуэлс, Горин Г. и «Кин ЕплIанэм»). - Хуабжу сигу ирохь мы уэрэкъ бзыльхъугъэ гъэфIар, щхьэпсынщэр, а псоми кьыдэкIуэу икIи узыIэпызышэр. Ролым гугъу сыдеэхьащ, ауэ режиссерым апхуэдизкIэ зригъэлIэлат ар щиухуэми, сценэм сыщихьам егъэлеяпынгъэу мы персонажым хэлъ псори узыIэпызышэу, щабэу джэгукIэм хэзагъэр т Пэжыр жыпIэмэ, мы ролыр «ришелье» хэдэкIым ещхьщ: апхуэдизкIэ хэлъхьащ, тIасхъэщ, ауэ щыхьукIэ лъэщу ухуащ». Москва критикхэм Людмилэ и Голсуэлс графиняр нэхьапэм ялъагъуэ псомки кьыхагъэбезджылыкIащ.

Мыбы и закъуэкъым Людмилэ щIэр кьызыщигъэльагъуэр. Николаи Альдо и пьесэм кьытращыкIа «Гулъытэншэ хуьахэр» спектаклым егъэлеяпэу телъыджэу кьыщигъэщIащ зи закъуэ псэу цIыхубзым и роль зрызэзэщIынэ мужьхэм зэманэм сызыIэпешэ. Уджэпну зэрыпхьэ щхьэ тыныгъракъым, атIэ цIыху щхьэжуэм и гум щигъэв гурыгъу-гурыщIэх зэ театреплъхэм я деж нэсхьэсыну сызэрыхуейрщ. Дунейр хужьфIыцIэу зэхэль кьудейкъым. А гупсысэр хьэжь пщохьу ныбжькIэ лIыпIэ ущиувэм, образыр кьууэ зэпкърыпхыф щыхьэуэ рдж, упщIэ хуэдизрэ ж ягуэш кьэбгъ уэтыфу джэгуныр уи псэм кьилъыхьуэ хьуа ижь. Кьапщтэмэ, сфIэфIщ трагедиемрэ комедиемрэ щызэхэухуэна ролхэр згъэззэщIэну. Ауэ сытми узыгъэдыхьэшх кьызэрыгуфIкIи, атIэ адыгэ студием щеджа дэтхэнэ зыми ар адэ хуэдэу кьащхьэщытащ.

Актер Iэзагъэм и щэхуэхэр Людмилэ шыIэ хэлъу, гунэсу зыIэригъэхьащ. Кавказ жьжьэм кьиIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ кьалащхьэм и еджапIэр льапэ махуэ яхуэхьури, кьаухэ ижь, Москва и театр зэхуэмыдэхэм лэжьапIэ кьыщыхуагъэльэгъуат, ауэ гупыр зэрызэрыIыгъыу, Калиновскэмрэ Джылахьстэнрэ ильэситхкIэ зыхуэащим тету, я х эку кьаГъэззжащ, Адыгэ театрым щылэжьэн папщIэ. «Юбэр кьыщыдэкIи, а литIым мы ухьэк фIыщIэ яхуэзощI», - жеIэ Людмилэ.

Кьэкlуэжа щIалэгъуалэм республикэр щыгуфIыкIа щхьэжI, театрым Iуэхур зэрыщыщытыр тIэкIу нэгъуэщIут... Пэжщ, акIтер нэхьыжьхэу Сонэ Мухьэрбийр Къыщ Кlуныгэр хуэдэ акIтер льэщ. Абыхэм зэгъэзащIэ ролхэр сценэм кьыщагъэпсэур т. СЕ сринасыпIфIэщ хуэдэ иджыри утыку ичу сакьыз зэрихьэлIэжам, - кьыддогуашэ Людмилэ. - Театрыр си деккIэ льапIэу гъащIэм хэлъщ щызекIуэ зэнэщ, си псэр щытыныр си жьэгуш. Мазэ бжьыгъэкIэ абы и кlуэщI щIэмыхьэу зыхуэзэшхэм сэ сащыщкъым, - жеIэ Людмилэ. - Махуэ зыбжанэ нэхьыбэ схудэхьрыкъым: сыхуейщ сценэм, сыхуейщ сыдж гуну. Ильэс 38-кIэ сыкьызыщекIуэкIа си лэжьэгъуэр иджы си дэльхъухэщ, шыгъхьэхэщ.

Актрисэр сценэм кьыщихьэкIэ сыт зэгупсысыр? «Япэ щIыкIэ согузавэ, театреплъхэм сайоплъэри, зыIэзыIзоуIэфIэж (си унэжь сыщIэх хуэдэу). Кьызэпхьэмрэ сэрэ дяку дэль эпыщIэныгъэм гукъыдэж кьысхелъхьэ», - жеIэ Людмилэ.

Щэрмэтым и щIэ-унэцIэм екIуу кьыгуэуващ «характернэ актрисэ» псальэкэр. Нобэ нрихьэлIэу роль куэд дыдэ зыгъэзэзэщIэну хунэсэ Щэрмэтым и хьэуспанIэм и Iэр льэIэсащ. Режиссер Дэбагъуэ Роман и фIыщIэкIэ Людмилэ къехъулIащ нэхьапэхэм кьигъэщIыну зыхэта, игъэфIа образыщIэ (графиня Голсуэлс, Горин Г. и «Кин ЕплIанэм»). - Хуабжу сигу ирохь мы уэрэкъ бзыльхъугъэ гъэфIар, щхьэпсынщэр, а псоми кьыдэкIуэу икIи узыIэпызышэр. Ролым гугъу сыдеэхьащ, ауэ режиссерым апхуэдизкIэ зригъэлIэлат ар щиухуэми, сценэм сыщихьам егъэлеяпынгъэу мы персонажым хэлъ псори узыIэпызышэу, щабэу джэгукIэм хэзагъэр т Пэжыр жыпIэмэ, мы ролыр «ришелье» хэдэкIым ещхьщ: апхуэдизкIэ хэлъхьащ, тIасхъэщ, ауэ щыхьукIэ лъэщу ухуащ». Москва критикхэм Людмилэ и Голсуэлс графиняр нэхьапэм ялъагъуэ псомки кьыхагъэбезджылыкIащ.

Мыбы и закъуэкъым Людмилэ щIэр кьызыщигъэльагъуэр. Николаи Альдо и пьесэм кьытращыкIа «Гулъытэншэ хуьахэр» спектаклым егъэлеяпэу телъыджэу кьыщигъэщIащ зи закъуэ псэу цIыхубзым и роль зрызэзэщIынэ мужьхэм зэманэм сызыIэпешэ. Уджэпну зэрыпхьэ щхьэ тыныгъракъым, атIэ цIыху щхьэжуэм и гум щигъэв гурыгъу-гурыщIэх зэ театреплъхэм я деж нэсхьэсыну сызэрыхуейрщ. Дунейр хужьфIыцIэу зэхэль кьудейкъым. А гупсысэр хьэжь пщохьу ныбжькIэ лIыпIэ ущиувэм, образыр кьууэ зэпкърыпхыф щыхьэуэ рдж, упщIэ хуэдизрэ ж ягуэш кьэбгъ уэтыфу джэгуныр уи псэм кьилъыхьуэ хьуа ижь. Кьапщтэмэ, сфIэфIщ трагедиемрэ комедиемрэ щызэхэухуэна ролхэр згъэззэщIэну. Ауэ сытми узыгъэдыхьэшх кьызэрыгуфIкIи, атIэ адыгэ студием щеджа дэтхэнэ зыми ар адэ хуэдэу кьащхьэщытащ.

Зэи кьыхуихуакъым актрисэм «си роль нэхьыщхьэр згъэззэщIащ, иджы сымыджэгуххэми хьунущ» щыжиIа. Иджыпсту и хьэупсапIэщ Iутlык Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм хэт Тыргъэтауэ у дгъэгуну. «Сызыльэпызышэр Iыргъэтауэ ящ льагъунырэ зэхуэмыдэкIэ псори фIыуэ зэрильагъурщ. Сэ зэуэн Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, абы кьыдэкIуэуи зи адэр, Хэкур, зи щхьэтэгъэкъэ кьуэмрэ фIыуэ зыльагъу щыхуабым и образыр кьыхуэгъэльэгъуэнут. Абы екъэIа си Iуэху епльыкIэхэм адэкIэ сытепсэльыхьынкъым, а ролыр сэ зыми кьызитакъым. Ауэ сытми си щхьэм иль гупсысэхэмкIэ сывдзэгушауэ араш», - жеIэ Людмилэ.

«Сэ сыт хуэдэ дэжьыгъэм сытеукIытыхьырыкъым, зыгуэрым и пщэдыкъым удэсым нэхьрэ нэхъ узыгъэльахьышэ щыIэу сщIэркъым». Мы псальэхэрэр Людмилэ и гъащIэм и деж щIэзэрыльагъуэ. Сыт хуэдэ роль имыгъэзащIэ ми, кьыдэжьэхэм, и ныбжьхэгъэхуэм, гъунэгъуэхэм дауэ ябгъэдэмытми, актрисэ, цIыху кьызэрыгуэкI Зэманым Людмилэ нэхьыщIэхэу хэлъым и кьежьапIэр зэрыльэкIыу эшхэмрэ цIыху пэжу дуней зэрытетымрэ щIэзэрыфыр.

МЭРЕМКЪУЛ Людмилэ.

Лъакъуэдыгъу Рамзес

Лъакъуэдыгъу Рамзес

Адыгэхэр ижь-ижьыж льандэрэ цIэрыIуэу я пелуанхэмкIэ. Иджы ахуэдэхэм нэхъ мащIэрэ уахуэзэми, димыIэжу ихужьыжьыкъым. Абы и щыхьэтщ ноби зи сугу фхуэщIыну ди льэпкъхэу щIалэр, Мэзкуу и бодибилдер нэхъ льэщ дыдэхэм ящыщ Лъакъуэдыгъу Рамзес.

РАМЗЕС Налшык кьащIалъхуащ икIи кьыщыхьащ. ЗэрыщIыкIу льандэрэ Iэпкъльэпкъ быдэу, кьарууфIэу щыта щIалэ цIыкIур кьэжэпхьа иужь, и зэфIэкIэхэм хигъэхьэну мурад ищIащ. Школым щыщIэсами Лъакъуэдыгъум спорт залхэм зэман куэд щигъакIуэрт: гырэ кьиIэтырт, тренажерхэм ирилажьэрт. ЩIалэр щIэм щраджам, абы Урысей Федерацэм и бодибилдер щIалэщIэхэм я дж ещанэ уиIэр щиIыгъ. Арэзы кьыщIыжа нэужь, ар Мэзкуу кIуащ и Iэзагъэм хигъэхьэну.

Иджыпсту Лъакъуэдыгъу Рамзес Мэзкуу дэт спорт залхэм ящыщ щым щолажьэ бодибилдер щIалэщIэхэр игъасэу. Адыгэ щIалэм и зэфIэкIэхэр кьэбгъэльэгъуэмэ, ар япэбгъэув хьунущ Урысейм и бодибилдер нэхъ льэщ дыдэхэу Кириленкэ Павелрэ Емельянов Олегрэ.

- Иужьрей ильэсхэм сэ кьызгурыIуащ урысей бодибилдинымрэ кьухьэлIэ кьэралхэм яймрэ зыщхьэщыкIынигъэщхуэ зэрагъэр, - жеIэ Рамзес. - Дыдейр кьызэрыгуэкIыущ, зэманыр зэрагъакIуэущ куэдым кьаэзэрыщIыхьур. Къухьэпl ЕмкIэ абы гулытэ нэхьыбэ щыхуащI, профессиональнэ щыбгъэдохьэ, цIыху нэхьыби дехьэх.

- 2006 гъэм Мэзкуу и чемпионатым ещанэ уиIэр кьыщыпхъащ. Абы арэзы укьыщIа?

- Шэч хэмылъу, абы сэ арэзы сыкьыщIыркъым, судьяхэм я кьуаншагьи хэлъу кьэслъытэркъым. Сыт хуэдэ упщIэми и жэуапыр си деж кьыщыслъытхъэжьын хуейщ.

- Къэралым и ногъабэрей чемпионатым ущIыхъэмытам сыт и щхьэусыгъуэр?

- Чемпионатым ykIуэмэ, узэрегъкIуэнур ищIэуэ ykIуэн ергъэкIуэнур ищIэуэ зэхьэзэхуэ кьаIэ. «Нэхъыщхьэр текIуэнынгъэракъым, атIэ зэхьэзэхуэм ухэтынырщ» жыхуаIэм сэ арэзы сытехьэркъым икIи кьэдрэ зызгъэсати, тIэкIуи зызгъэсэхужьыну мурад сщIащ. Спортым кьыщынэмыщIауэ нэгъуэщI Iуэху кьуэди зэфIэзгъэкIыну кьысэпэщылъщ.

- Зэхьэзэхуэм япэ уиIэр кьыщыпхъыфын щхьэкIэ сыт нэхъ узэлъжьыщхьэу кьэлпльыгъэр?

- Си IэпкъльэпкъымкIэ дагъуэ зыхузиIэжькъым, сыт хуэдэ зэпеуэми жэуаплынгъэщхуэ схэлъу сыбгъэдохьэ. Илъэс кьэс кьэсIэтым килограммитхум щIигъу хызогъахьуэ. Ауэ абыкIи ебгъэзэй хуэнукъым, фэбжь хэпхынкIэ шынагъуэ ущыIэн. УефIакIуэ зэпыту зэрыщытыр судьяхэм ебгъэльагъун хуейщ, итIанэщ ехьулIэныгъэ ущиIэнур.

- ЦIыхухьхуэм я бодибилдинг зэхьэзэхуэхэм я хабзэхэм зэхьуэкIынигъэ гуэркъэ хэльхьэн хуейуэ кьэпльытэрэ?

- ЗэхьуэкIынигъэ куэд хэлъхьэн хуейщ. Спортым щIыху нэхъыбэ кьызэрыдгъэхьэжьыпсту Урысейм и бодибилдер нэхъ льэщ дыдэр?

- Ар упщIэ гугъущ. Яп ибгъэщу зи щIэ кьыпIуэн спортсменхэр куэд мэхьу, ауэ иджыпсту ди къэралым щыпнэхъ льэпщу кьалыгъэ Федоров Александррэ Шабуня Алексейрэ.

Иджы спортым пымыщIэщи ущIэ зыбжанэ уэстынут. Сыт хуэдэ щхьэнигъуэхэра уи Iэнэм нэхьыбэрэ тельыр?

- Зэхьэзэхуэхэм сыщыхэмытхэм дж витамин хуэдэхэр зэхьэлIэрэкъым, си Iэпкъльэпкъым зызогъэгъэпсэху, а зэманым сэ ди льэпкъ щхьыныгъэхэм нэхъ зызот. Ауэ зыщщэгъаесэм дж хэплъыхьауэ фIэкIа сыщхэркъым.

- Лъжьыгъэм укьыщыдэхуэм деж уи зэманыр дауэ бгъакIуэр?

- Нэхъыбэрэ си ныбжьэгъуэхэм сразыусэщ. Бодибилдингыр - спорт лIэужьыгъуэ хьэлэмэтщ! СыхьэткIэ зыбогъаесэри, адрей зэманым ущхьэхуитщ, сыт хуэдэми лэжь. Кинотеатрым сокIуэ, боулинг сыдж эгун сфIэфIщ.

Лъакъуэдыгъу Рамзес хуэдэ щIалэщIэ зэчифIэ куэдри республикэм щопсэу. КъыдэкIуэтейм э, шэч хэлъкъым абыхэм я зэфIэкIым зыщIрагъэужьын къалъхьхуэу щыпIэ жьыкъэхэм зэрежьэнум. Ауэрэ ди щIалэ пелуанхэр, Урысейм и кьалэ зэмылIэужьыгъуэхэм я мызакъуэу, хамэ къэралкуэдми кьыщыщIедз, апхуэдизу республикэм фIокIуэдэ и чэзум гу зыльмаитэ, иужькIэ щIэрыIуэ хьуа спортсменхэр. Сыт ди щIалэхэм Мэзкуу, Дагъыстэным, Краснодар, Ставрополь крайхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм зыщагъэсэн щIыхэрэр? Апхуэдэ спорт щколхэр диIэну и чэзу хъуакъэ?

«Железный мир» журналыр кьигъэсэбэнурэ, зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.


Лъакъуэдыгъу Рамзесрэ Турчинский Владимиррэ.

Наркотикхэм я бийщ

● Бокс

Апхуэдэ фIэщыгъэщIэ иIэу иджыблагъэ Ставрополь крайм и Иноземцевэ поселкэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм хьыхь кьалэ хэм боксымкIэ я турнир.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ щыщу зэ хьэзэкуэм щыбэнащ Тэрч, Бахьсэн кьалэхэм, Къэрэрэзэш кьуаехэм я спортсменхэр. Кьэбэрдей-Балъкъэрым икIа боксерхэм екъуIэныгъэ зэхэзыхьэн хэр зыIэрагъэхьауэ кьэкIуэжащ - дыщэ медалу 10-рэ дыжьыну 8-рэ кьыщахьащ.

Апхуэдэу щыбэна хьэльыгъэхэм кьыпэлъэщIыкIа хэзэкIакъым Уэтэр Алим, СантIыкъ Резуан, Хэш Хьэзрэт, Алокъуэ Кьантемир, Нэгъуэй Мартин, Щыцымырзэ Анзор, Жанатаев Замир, Хэжь Бесльэн, Кьарэмырзэ Исльам, Щхьэщэмыщ Заурым сымэ. ПщыкуэкIэ Заурэ Асльэнрэ, Кувэжькъуэ Заур, Матуев Назир, Тхъэкъуахъуэ Бесльэн, Карачаевэ Артуррэ Исльамрэ, Хьэбыз Аслъэн сымэ зэхьэзэхуэм и дыжьын медалхэр кьэхьащ.

Ди спортсменхэр зэIуIэзэхэм хуагъэхьэзыщIрагъ тренер цIэрыIуэхэу Бахьсэн Нурмухьэмэд, Тэмазэ Анзор, Альтыдокъуэ Хьэсэн, Чымэзокъуэ Азэмэт сымэ.

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и боксерхэр зэхьэзэхуэ зи цIэ кьытIуэ турнирым щыбэнэну Iэмал яIэуэтащ Прохладнэ районым боксымкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Бэшорэ Хьэмэд мыгъэкIэ щIэтхъэкъуэн кьазэрыкъухьэм и фIыгъэкIэ. Тренерэмэ спорт сменхэмэ Хьэмид фIыщIэ хуащI сытым дежи щIэтхъэкъуэн кьазэрыкъуэхьум щхьэкIэ.

МЭЗКУУ Кьанцобий.

● Зэпеуэхэр

Урысейм и хэкупсэ

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм «Урысейм и хэкупсэ» VII Урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр егъэкIуэкIыным щIедзэ. Зэхьэзэхуэм и мурад нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм и цIыхухэр хэкупсэу гъэсэныщ, я адэжь щIыналъэм зэрыригушхуэм нэхъри хэгъэхъуэныщ, къэрал дамыгъэхэм пщIэ хуегъэщIыныщ, Урысейм и теплъэ уардэр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм екIуу кьыщыгъэльэгъэныщ.

АПХУЭДЭ тхыгъэхэр республикэм кьыщыдкIэ газетхэм кьытрадзэнущ, радио-теленэтынхэр ягъэхьэзырынущ.

Зэхьэзэхуэм хэт хъунущ къэрал регистрацэ зиIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэ псори: электроннэхэри печатнэхэри. Апхуэдэу абы кьыхьыхь хъунущ 2007 гъэм и фокIадэм кьыщыщIэдзауэ 2008 гъэм и мэкъуэуэгъуэм нэсыху зи лэжьыгъэхэр цIыхубз хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ зэIущIыIу зыщIа цIыху щхьэхуэхэмрэ гупхэмрэ.

Материалхэр зэпеуэм 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ ебгъэхь хъунущ мы хэщIапIэмкIэ: Налшык кьалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5. Печатным и унэ, 4-нэ къат, 410-нэ пэш.

«Урысейм и хэкупсэ» зэхьэзэхуэм теухуа хъыбар кьыщифIэфынущ Роспечатым и сайтым: www.lapmc.ru.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэ.

● Футбол

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

КIэухыр гуащIэт

«Спартак-Налшыкымрэ» «Луч-Энергимрэ» я щIалэгъуалэ гупхэм я зэIущIэ дыгъуасэ Владивосток и «Юность» стадионым щекIуэкIащ.

Командхэр зэрытемыгъэкIуэу, бжьыгъэр 1:1-уэ ихуащ ар. Джэгум и 88-нэ дакьикъэм ди щIалэхэм бжьыгъэр кьыщэIуахащ, арщхьэкIэ текIуэныгъэр яхуэхъумакьым.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Накъыгъэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Ебгъуэнэ джэгугъуэ

Накъыгъэм и 7 *(бэрэжьей)*

«Луч-Энергия» - «Спартак-Налшык»
«Химки» - «Тэрч»
«Томь» - ЦСКА
«Зенит» - «Локомотив»
«Амкар» - «Сатурн»
«Москва» - «Рубин»

Епщанэ джэгугъуэ

Накъыгъэм и 10 *(щэбэт)*

«Спартак-Налшык» - «Рубин»
«Шинник» - «Москва»
«Локомотив» - «Томь»

Накъыгъэм и 11 *(тхьэмахуэ)*

«Тэрч» - «Амкар»
ЦСКА - «Химки»
«Луч - Энергия» - «Зенит»
«Сатурн» - «Динамо»
«Крылья Советов» - «Спартак»

УЕФА-м и кубок. Финал

Накъыгъэм и 14 *(бэрэжьей)*

«Зенит» (Урысей Федерацэ) - «Глазго Рейнджерс» (Шотландиер)

ЕпщыкIуэнэ джэгугъуэ

Накъыгъэм и 15 *(махуэку)*

«Томь» - «Луч-Энергия»
«Москва» - «Крылья Советов»
«Рубин» - «Шинник»
«Спартак» - «Сатурн»

Накъыгъэм и 16 *(мэрем)*

«Зенит» - «Спартак-Налшык»
«Динамо» - «Тэрч»
«Амкар» - ЦСКА
«Химки» - «Локомотив»

Урысей Федерацэм и кубок. Финал.

Накъыгъэм и 17 *(бэрэжьей)*

ЦСКА - «Амкар»

Адыгэ театрым фрегъэблагъэ

Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрым накъыгъэ мазэм егъэльагъуэ мыпхуэдэ спектаклэр:

Накъыгъэм и 8-м:
Хугаев Георгий. **«Бабыщэ, Хьэмыщэ, Хьэмел, Дарданел»** *(гушыIэ)*.

Театрым и худо жественнэ унафэщIэр Урысей Федерацэм щыIэ зиIэ и артист **Шыбзыхьуэ Басирщ.**

Накъыгъэм и 21-м:
Лохвицкий Михаил **«Уафэгъуэгъуэ макъ»** *(трагедие).*

ЩыщIндзэр сыхьэтыр 18-рэ дакьикIэ 30-рщ.
Телефонэр: **42-64-94, 42-53-89.**

● Гу зылъытапхъэ

Налшык кьалэм и дзэ комиссариатым кьыхех илъэс 20-м щыщIэдзауэ 30-м нэхъыбэхьм ит, запасным щыIэ пэрэмыщIэм, сержантэм, сэлэтхэм ящыщхэр, ездакIэ зэхьэзэхуэм ящыщхэр, ездакIэ зэхуэщIэхэм ящыщхэр, ездакIэ зэрагъэпажэ фондыр нэхъыбэ щIын хуейщ. Апхуэдэуи, бодибилдингым зебгъэжьжь хъунущ шоу-бизнесым хэт щыхуIэрыIуэхэр зэхьэзэхуэхэм кьебгъэблагъэкIэрэ. Псальэм папщIэ, зэхьэзэхуэхэр Турчинский Владимир щригъэжькIуэкIым деж нэхъ гъащIэгъэн, удэзыдгъэн, зыгъэ хуэдэ зэхуэ щIэрыIуэ хьуа спортсменхэр. Сыт ди щIалэхэм Мэзкуу, Дагъыстэным, Краснодар, Ставрополь крайхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм зыщагъэсэн щIыхэрэр? Апхуэдэ спорт щколхэр диIэну и чэзу хъуакъэ?

**«Железный мир